



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur

Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



AMASEZERANO
YEREKEYE AMATEGEKO AGENGA
IMPUNZI
N'AYAYUNGANIRA



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur

Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



CONVENTION
ET
PROTOCOLE
RELATIFS AU STATUT DES
REFUGIES



La présente traduction en Kirundi a été réalisée au Burundi et validée par :

Le Ministère de la Justice
Le Ministère de la Sécurité Publique
Le Ministère des Relations extérieures
Le Service National de Législation
Les Associations oeuvrant dans le domaine des Droits de l'Homme

Ce texte constitue une traduction non-officielle de la convention internationale ci jointe. Pour toute question concernant l'interprétation de la présente convention et dans le cas de différences importantes entre les différentes versions linguistiques, la version en langue française prévaut.

Ihindurwa ry'iri tegeko ryabereye mu Burundi kandi ryemejwe n'abaserukira :

Ubushikiranangji bw'ubutungane
Ubushikiranangji bw'intwaro yo hagati mu gihugu
Ubushikiranangji bw'imigenderanire n'ayandi makungu
Umugwi w'igihugu ujejwe guhinyanyura no guhindura amategeko mu Kirundi
Amashirahamwe ajejwe ivy'agateka ka zina muntu

Iri hindurwa ntiryaciye mu nzira isanzwe yo guhindura amategeko mu Burundi ; ikibazo cose coseruka kuvyerekeye insiguro y'iri tegeko canke amadidane avuye ku budasa bw'indimi, kizotunganywa hisanzwe iri tegeko riri mu Gifaransa biri kumwe.

CONVENTION

relative au statut des réfugiés

Préambule

LES HAUTES PARTIES CONTRACTANTES,

CONSIDÉRANT que la Charte des Nations Unies et la Déclaration universelle des droits de l'homme approuvée le 10 décembre 1948 par l'Assemblée générale ont affirmé ce principe que les êtres humains, sans distinction, doivent jouir des droits de l'homme et des libertés fondamentales,

CONSIDÉRANT que l'Organisation des Nations Unies a, à plusieurs reprises, manifesté la profonde sollicitude qu'elle éprouve pour les réfugiés et qu'elle s'est préoccupée d'assurer à ceux-ci l'exercice le plus large possible des droits de l'homme et des libertés fondamentales,

CONSIDÉRANT qu'il est désirable de réviser et de codifier les accords internationaux antérieurs relatifs au statut des réfugiés et d'étendre l'application de ces instruments et la protection qu'ils constituent pour les réfugiés au moyen d'un nouvel accord,

CONSIDÉRANT qu'il peut résulter de l'octroi du droit d'asile des charges exceptionnellement lourdes pour certains pays et que la solution satisfaisante des problèmes dont l'Organisation des Nations Unies a reconnu la portée et le caractère internationaux, ne saurait, dans cette hypothèse, être obtenue sans une solidarité internationale,

EXPRIMANT le vœu que tous les États, reconnaissant le caractère social et humanitaire du problème des réfugiés, fassent tout ce qui est en leur pouvoir pour éviter que ce problème ne devienne une cause de tension entre États,

PRENANT ACTE de ce que le Haut Commissaire des Nations Unies pour les réfugiés a pour tâche de veiller à l'application des conventions internationales qui assurent la protection des réfugiés, et reconnaissant que la coordination effective des mesures prises pour résoudre ce problème dépendra de la coopération des États avec le Haut Commissaire,

SONT CONVENUES des dispositions ci-après :

AMASEZERANO

yerekeye amategeko agenga impunzi

Intangamarara

IBIHUGU BIKURUBIKURU VYEMEJE AYA MASEZERANO:

Vyihweje kw'Amasezerano Mpuzamakungu n'Itangazo Mpuzamakungu ry'Agateka ka zina Muntu ryemejwe ku wa 10 kigarama 1948 n'Inama ya bose yemeje ko zina kiremwa muntu ata n'umwe akumiriwe, ategerezwa kwubahirizwa mu gateka ka zina muntu no mu kwishira akizana;

Vyihweje ko Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ryaseruye incuro nyinshi cane umwitwariko ntangere rifitiye impunzi kandi ko ryamyeye ryitwarika kuzironsa ishirwa mu ngiro ata nkomanzi ry'agateka ka zina muntu n'ukwishira zikizana;

Vyihweje icipfuzo co gushiramwo no kugira igitabu c'Amasezerano Mpuzamakungu yo mu gihe giheze araba amateka n'amategeko y'impunzi no kwagura ishirwa mu ngiro ryayo mu gukingira impunzi kugira habe amasezerano mashasha;

Vyihweje ko gutanga ubuhungiro bishobora kugira ingaruka ituma ibihugu bimwe bimwe bisanga bitegerezwa gukoresha uburyo bwinshi cane kandi ko mu gutorera umuti bihagije izo ngorane ari na vyo ishira hamwe Mpuzamakungu ONU ryiyemeje ridashobora kubishikako muri ico gihe kiretse amakungu afatanye mu nda;

Bishikirije icipfuzo c'ibihugu vyose vyemeza ko ingorane zerekeye impunzi zokwigwa mu buryo runtu kandi ko vyokora uko bishoboye kugira ngo ico kibazo ntigitere uruhagarara hagati y'ibihugu;

Vyishimikije ko Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ryitaho impunzi ritegerezwa gucungera ishira mu ngiro ry'Amasezerano Mpuzamakungu akingira impunzi; kandi ko ikurikizwa ry'izo ngingo zunganiranira zafashwe mu gutorera umuti ico kibazo rizoshoboka ari uko ibihugu n'iryo shirahamwe bifashanije;

VYEMERANIJE ibi bikurikira:

IGICE CA I: INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 1

INSIGURO Y'IJAMBO “IMPUNZI”

A. Muri aya masezerano, ijambo “impunzi” rikoresheya ku muntu wese:

1. Yafashwe nk'impunzi hisunzwe ishirwa mu ngiro ry'Ivyumvikanywe ku wa 12 Rusama 1926 no ku wa 30 Ruheshi 1928, canke hisunzwe ishirwa mu ngiro ry'Amasezerano yo ku wa 28 Gitugutu 1933 n'ayo ku wa 10 Ruhuhuma 1938, hamwe n'Amasezerano ayunganira yo ku wa 14 Nyakanga 1938, canke mw'ishirwa mu ngiro ry'Ibwirizwa Shingiro ry'ishirahamwe Mpuzamakungu ONU riraba impunzi.

Ivyashinzwe n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ryitaho impunzi mu kiringo ryahawe, bijanywe no kutitwira impunzi ntibibuzwa ko abantu bakwije ibisabwa mu gahimba ka 2 k'aka gace bemerewe kuba impunzi.

2. Ku bijanywe n'inkurikizi z'ivyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 Nzero 1951 mu gihe hariho ibituma umuntu atinya gutotezwa ahorwa ubwoko bwiwe, idini ryiwe, ubwenegihugu bwiwe, kuba aya mu murwi kanaka canke kubera ivyiyumviro vyawe vya poritike, ari inyuma y'igihugu afitiye ubwenegihugu, kandi adashobora canke adashaka kukigarukamwo kubera ubwo bwoba nyene; canke iyo atagira ubwenegihugu akaba ari inyuma y'igihugu yari asanzwe abamwo kubera ivyabaye, ntashake canke ntashobore gusubirayo biturutse kuri ubwo bwoba.

Igihe na ho umuntu afise ubwenegihugu bwinshi, amajambo “y'igihugu afitiye ubwenegihugu” asobanura igihugu kimwekimwe mu vyo afitiye ubwenegihugu. Umuntu wese ata mwo afise zishemeye zifatiye ku bwoba atasavye gukingirwa n'igihugu kimwe mu vyo afitiye ubwenegihugu ntazofatwa nk'uko yatswe uburenganzira bwo gukingirwa n'igihugu afitiye ubwenegihugu.

B. 1. Muri aya masezerano, amajambo “ivyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 Nzero 1951” ari mu ngingo ya 1, agace A, ashobobora gusigurwa mu buryo bukurikira:

a) “Ivyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 Nzero 1951 i Buraya” canke ahandi:

b) “Ivyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 nzero 1951 i Buraya canke ahandi” kandi igihugu cose cemeje aya masezerano mu gihe co kuyashirako

CHAPITRE I : DISPOSITIONS GÉNÉRALES

« DÉFINITION DU TERME « RÉFUGIE »

Article premier

A. Aux fins de la présente Convention, le terme «réfugie» s'appliquera à toute personne :

1. Qui a été considérée comme réfugiée en application des Arrangements du 12 Mai 1926 et du 30 juin 1928, ou en application des Conventions du 28 octobre 1933 et du 10 février 1938 et du Protocole du 14 septembre 1939, ou encore en application de la Constitution de l'Organisation internationale pour les réfugiés ; Les décisions de non-éligibilité prises par l'Organisation internationale pour les réfugiés pendant la durée de son mandat ne font pas obstacle à ce que la qualité de réfugié soit accordée à des personnes qui remplissent les conditions prévues au paragraphe 2 de la présente section ;

2. Qui, par suite d'événements survenus avant le premier janvier 1951 et craignant avec raison d'être persécuté du fait de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social ou de ses opinions politiques, se trouve hors du pays dont elle a la nationalité et qui ne peut ou, du fait de cette crainte, ne veut se réclamer de la protection de ce pays ; ou qui, si elle n'a pas de nationalité et se trouve hors du pays dans lequel elle avait sa résidence habituelle à la suite de tels événements, ne peut ou, en raison de ladite crainte, ne veut y retourner.

Dans le cas d'une personne qui a plus d'une nationalité, l'expression « du pays dont elle a la nationalité » vise chacun des pays dont cette personne a la nationalité. Ne sera pas considérée comme privée de la protection du pays dont elle a la nationalité, toute personne qui, sans raison valable fondée sur une crainte justifiée, ne s'est pas réclamée de la protection de l'un des pays dont elle a la nationalité.

1. Aux fins de la présente Convention, les mots « événements survenus avant le premier janvier 1951 » figurant à l'article 1, section A, pourront être compris dans le sens de soit

a) « événements survenus avant le premier janvier 1951 en Europe » ; soit b) « événements survenus avant le premier janvier 1951 en Europe » ; et chaque Etat Contractant fera, au moment de la signature,

B.

de La ratification ou de l'adhésion, une déclaration précisant la portée qu'il entend donner à cette expression au point de vue des obligations assumées par lui en vertu de la présente Convention.

2. Tout Etat Contractant qui a adopté la formule a) pourra à tout moment étendre ses obligations en adoptant la formule b) par notification adressée au secrétaire général des Nations Unies.

C. Cette Convention cessera, dans les cas ci-après, d'être applicable à toute personne visée Par les dispositions de la section A ci-dessus:

1. Si elle s'est volontairement réclamée à nouveau de la protection du pays dont elle a la nationalité ; ou
2. Si, ayant perdu sa nationalité, elle l'a volontairement recouvrée ; ou
3. Si elle a acquis une nouvelle nationalité et jouit de la protection du pays dont elle a acquis la nationalité ; ou
4. Si elle est retournée volontairement s'établir dans le pays qu'elle a quitté ou hors duquel elle est demeurée de crainte d'être persécutée ; ou
5. Si, les circonstances à la suite desquelles elle a été reconnue comme réfugiée ayant cessé d'exister, elle ne peut plus continuer à refuser de se réclamer de la protection du pays dont elle a la nationalité ;
Etant entendu, toutefois, que les dispositions du présent paragraphe ne s'appliqueront pas à tout réfugié visé au paragraphe 1 de la section A du présent article qui peut invoquer, pour refuser de se réclamer de la protection du pays dont il a la nationalité, des raisons impérieuses tenant à des persécutions antérieures ;
6. S'agissant d'une personne qui n'a pas de nationalité, si, les circonstances à la suite desquelles elle a été reconnue comme réfugiée ayant cessé d'exister, elle est en mesure de retourner dans le pays dans lequel elle avait sa résidence habituelle ;
Etant entendu, toutefois, que les dispositions du présent paragraphe ne s'appliqueront pas à tout réfugié visé au paragraphe 1 de la section A du présent article qui peut invoquer, pour refuser de retourner dans le pays dans lequel il avait sa résidence habituelle, des raisons impérieuses tenant à des persécutions antérieures.

igikumu, kuyemeza canke kuyinjiramwo kizomenyeshya neza uburyo gitahura Ivyo vyabaye ku bijanye n'ivyo yiyemeje muri aya masezerano.

2. Igihugu cose cemeje aya masezerano cakoresheje ibiri mu karongo a) kizoshobora mu gihe cose kwongerako ivyo gitegerezwa gukurikiza gikoresheje ibiri mu karongo b) kibimenyeshye Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU biciye mu nzandiko.

C. Aya masezerano azohagarikwa gushirwa mu ngiro ku muntu wese arabwa n'ingingo ziri mu gace A kamaze kuvugwa:

1. Mu gihe avyishakiye we nyene yasavye gusubira gukingirwa n'igihugu afitiye Ubwengihugu; canke
2. Mu gihe yasubiye wenyene avyishakiye ku bwengihugu bwiwe yari yatakaje; canke
3. Mu gihe yaronse ubwengihugu bushasha akaba akingiwe n'igihugu cabumuhaye; canke
4. Mu gihe avyishakiye, asubiye kuba mu gihugu yari yarahunze canke ico atashoboye kubamwo bivuye ku gutinya gutotezwa; canke
5. Mu gihe imvo zatumye umuntu yemerwa nk'impunzi zivuyeho, ntashobora kubandanya yanka gusaba gukingirwa n'igihugu afitiye ubwengihugu; yamara rero bikumvikana ko, ingingo ziri muri aka gace zitazoshirwa mu ngiro ku mpunzi yavuzwe mu gahimba ka 1 k'agace A k'iyi ngingo mu gihe ashobora kwitwaza imvo zikomeye zijanye n' uko yigeze gutotezwa kugira ngo yanke kwemera gukingirwa n'igihugu afitiye ubwengihugu.
6. Ku vyerekeye umuntu adafise ubwengihugu, mu gihe imvo zatumye Yemerwa ko abaye impunzi zitakiriho, ashobora gusubira mu gihugu yari asanzwe abamwo. Yamara rero, ingingo ziri muri aka gahimba ntizizoshirwa mu Ngiro ku mpunzi yavuzwe mu gahimba ka 1 k'agace A k'iyi ngingo mu gihe ashobora kwitwaza imvo zikomeye zijanye n'uko yigeze gutotezwa kugira ngo Yanke gutaha mu gihugu yari asanzwe abamwo.

D. Aya masezerano ntazokurikizwa ku bantu basanzwe bakingiwe canke baronka imfashanyo ry'ishami canke urundi rwego rw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU atari iryitaho impunzi.

Mu gihe iryo kingirwa canke iyo mfashanyo bizoba bihagaritswe kubera imvo iyo ari yo yose kandi hatabanje kuringanizwa burundu ico abo bantu bazoba hisunzwe ingingo bijanywe zemejwe n' Inama nkuru y'ibihugu bigize Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, abo bantu bazaronka uburenganzira hamwe n'ibitegekanyijwe n'aya masezerano.

E. Aya masezerano ntazokurikizwa ku muntu abategetsi b'igihugu yaje kubamwo bafata nk'uwufise uburenganzira bwose bw'umwenehugu w'ico gihugu.

F. Ingingo ziri muri aya masezerano ntizizokurikizwa ku bantu hariho imvo zishemeye zotuma biyumvirwako ibi bikurikira:

- a) Ko bakoze icaha co guhungabanya umutekano, icaha co mu ntambara canke icaha gikorera ikiremwa muntu nk'uko biri mu masezerano Mpuzamakungu yateguwe kugira hategekanywe ingingo zerekeye ivyo vyaha;
- b) Ko bakoze icaha gihambaye mu kindi gihugu ndetse icabakiriye imbere y'uko bemerera ko babaye impunzi;
- c) bigaragaye ko bigenjeje mu buryo buhushanywe n'intumbero n'amategeko Y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

Ingingo ya 2

IBITEGEREJWE MURI RUSANGI

Impunzi iyo ari yo yose, mu gihugu irimwo, itegerezwa kwubahiriza amategeko n'ingingo zose zafashwe kugira ngo hubahirizwe umutekano.

Ingingo ya 3

KUDAKUMIRA

Ibihugu vyose vyemeje aya masezerano bizoshira mu ngiro ingingo zayo ku impunzi zose ata gukumira gufatiye ku rukoba, idini canke ku gihugu impunzi zoba ziturukamwo.

D. Cette Convention ne sera pas applicable aux personnes qui bénéficient actuellement d'une protection ou d'une assistance de la part d'un organisme ou d'une institution des Nations Unies autre que le Haut Commissaire des Nations Unies pour les réfugiés.

Lorsque cette protection ou cette assistance aura cessé pour une raison quelconque, sans que le sort de ces personnes ait été définitivement réglé, conformément aux résolutions y relatives adoptées par l'Assemblée générale des Nations Unies, ces personnes bénéficieront de plein droit du régime de cette Convention.

E. Cette Convention ne sera pas applicable à une personne considérée par les autorités compétentes du pays dans lequel cette personne a établi sa résidence comme ayant les droits et les obligations attachés à la possession de la nationalité de ce pays.

F. Les dispositions de cette Convention ne seront pas applicables aux personnes dont on aura des raisons sérieuses de penser :

- a) qu'elles ont commis un crime contre la paix, un crime de guerre ou un crime contre l'humanité, au sens des instruments internationaux élaborés pour prévoir des dispositions relatives à ces crimes ;
- b) qu'elles ont commis un crime grave de droit commun en dehors du pays d'accueil avant d'y être admises comme réfugiés ;
- c) qu'elles se sont rendues coupables d'agissements contraires aux buts et aux principes des Nations Unies.

Article 2

OBLIGATIONS GÉNÉRALES

Tout réfugié a, à l'égard du pays où il se trouve, des devoirs qui comportent notamment l'obligation de se conformer aux lois et règlements ainsi qu'aux mesures prises pour le maintien de l'ordre public.

Article 3

NON-DISCRIMINATION

Les États Contractants appliqueront les dispositions de cette Convention aux réfugiés sans discrimination quant à la race, la religion ou le pays d'origine.

Article 4

RELIGION

Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés sur leur territoire un traitement au moins aussi favorable que celui accordé aux nationaux en ce qui concerne la liberté de pratiquer leur religion et en ce qui concerne la liberté d'instruction religieuse de leurs enfants.

Article 5

DROITS ACCORDÉS INDÉPENDAMMENT DE CETTE CONVENTION

Aucune disposition de cette Convention ne porte atteinte aux autres droits et avantages accordés, indépendamment de cette Convention, aux réfugiés.

Article 6

L'EXPRESSION « DANS LES MÊMES CIRCONSTANCES »

Aux fins de cette Convention, les termes « dans les mêmes circonstances » impliquent que toutes les conditions (et notamment celles qui ont trait à la durée et aux conditions de séjour ou de résidence) que l'intéressé devrait remplir, pour pouvoir exercer le droit en question, s'il n'était pas un réfugié, doivent être remplies par lui à l'exception des conditions qui, en raison de leur nature, ne peuvent être remplies par un réfugié.

Article 7

DISPENSE DE RÉCIPROCITÉ

1. Sous réserve des dispositions plus favorables prévues par cette Convention, tout Etat Contractant accordera aux réfugiés le régime qu'il accorde aux étrangers en général.
2. Après un délai de résidence de trois ans, tous les réfugiés bénéficieront, sur le territoire des Etats Contractants, de la dispense de réciprocité législative.
3. Tout Etat Contractant continuera à accorder aux réfugiés les droits et avantages auxquels ils pouvaient déjà prétendre, en l'absence de réciprocité, à la date d'entrée en vigueur de cette Convention pour ledit Etat.

Ingingo ya 4

IDINI

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizofata impunzi ziri ku butaka bwavyo n'imiburiburi ku rugero rumwe n'abenegihugu ku bijanye n'ukwidegemvya ku vyerekeye idini n'ukuryigisha abana babo.

Ingingo ya 5

**UBURENGANZIRA BWAMAZE GUTANGWA HATISUNZWE AYA
MASEZERANO**

Nta ngingo n'imwe y'aya masezerano izobera intambamyi ubundi burenganzira n'ukworoherezwa vyamaze guhabwa impunzi hatisunzwe aya masezerano.

Ingingo ya 6

Ijambo “ mu bihe bisa n'ibi”

Muri aya masezerano, amajambo “ mu bihe bisa n'ibi” asigura ko ibisabwa vyose (nk'ivyerekeye ikiringo, ibijanye n'amategeko y'ukumara igihe ahantu canke kuhaba) uwo vyega ategerezwa kubikwiza, naho atoba ari impunzi, kugira ashobore kuronka ubwo burenganzira, kiretse ibisabwa impunzi idashobora gukwiza kubera kamere kavyo.

Ingingo ya 7

_Kutisunga kuba magiriranire

1. Hatirengagijwe ivyerekeye ingingo zoroheraza impunzi ziri muri aya masezerano, igihugu cose cayemeje kizoha impunzi uburenganzira busanzwe buhabwa abanyamahanga muri rusangi.
2. Impunzi zose zimaze imyaka 3 mu bihugu vyemeje aya masezerano, zizokoroherezwa muri ivyo bihugu hatabanje kwisunga ivyo kuba magiriranire mubijanye n'amategeko.
3. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizobandanya guha impunzi uburenganzira no kuzoroheraza mu vyo zisanzwe zoroherazwamwo, hatabanje kwisunga ivyo kuba magiriranire, kuva umunsi ico gihugu gishiriye mu ngiro ayo masezerano.

4. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokwitaho guha impunzi hatabanje kwisunga ivyo kuba magiriranire uburenganzira n'ukuzironsa ivyo zitari kuronswa hisunzwe agahimba ka 2 n'aka 3 hamwe n'uburyo bwo kuziha uburenganzira bwo kutisunga ivyo kuba magiriranire ku mpunzi idakwije ibisabwa mu gahimba ka 2 n'aka 3.

5. Ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 n'aka 3 birakurikizwa ku vyerekeye uburenganzira n'ukworoherazwa bitegekanijwe mu ngingo ya 13, iya 18, iya 19, iya 21, n'iya 22 z'aya masezerano hamwe n'ubundi burenganzira n'ukworoherazwa bidategekanijwe n'aya masezerano.

Ingingo ya 8

KUTISUNGA INGINGO ZIDASANZWE

Ku vyerekeye ingingo zidasanzwe zishobora gufatirwa umuntu, ibintu canke inyungu z'abaturuka mu gihugu kanaka, ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizokurikiza izo ngingo ku mpunzi ituruka muri ico gihugu hisunzwe gusa ubwengehugu bwayo. Ibihugu vyemeje aya masezerano bifise amategeko atajanye n'intumbero nyamukuru iri muri iyi ngingo bizofata, mu bihe bizoba bikwiye, ingingo zoroheraza bene izo mpunzi.

Ingingo ya 9

INGINGO Z'IMFATAKIBANZA

Nta ngingo n'imwe iri muri aya masezerano ishobora kubuza igihugu cayemeje mu gihe c'intambara canke ibindi bihe bikomeye bidasanzwe, gufatira umuntu kanaka ingingo mfatakibanza ico gihugu kibona ko ari nkenerwa k'umutekano w'igihugu, mu kurindira ko ico gihugu cemeza ko uwo muntu ari impunzi vy'ukuri kandi ko kumugumizako izo ngingo bikenewe ku neza y'umutekano w'igihugu.

Ingingo ya 10

KWIKURIKIRANYA KUBA AHANTU

1. Mu gihe impunzi yatwawe ku nguvu mu gihe c'indwano y'isi yose igira kabiri, igashirwa mu gihugu cemeje aya masezerano akaba ari ho iba, ico gihe cose yahamaze ku nguvu kizojamwo mw'iharurwa ry'igihe yikwirikiranije kuhaba.

4. Les Etats Contractants envisageront avec bienveillance la possibilité d'accorder aux réfugiés, en l'absence de réciprocité, des droits et des avantages outre ceux auxquels ils peuvent prétendre en vertu des paragraphes 2 et 3 ainsi que la possibilité de faire bénéficier de la dispense de réciprocité des réfugiés qui ne remplissent pas les conditions visées aux paragraphes 2 et 3.

5. Les dispositions des paragraphes 2 et 3 ci-dessus s'appliquent aussi bien aux droits et avantages visés aux articles 13, 18, 19, 21 et 22 de cette Convention qu'aux droits et avantages qui ne sont pas prévus par elle.

Article 8

DISPENSE DE MESURES EXCEPTIONNELLES

En ce qui concerne les mesures exceptionnelles qui peuvent être prises contre la personne, les biens ou les intérêts des ressortissants d'un Etat déterminé, les Etats Contractants n'appliqueront pas ces mesures à un réfugié ressortissant formellement dudit Etat uniquement en raison de sa nationalité. Les Etats Contractants qui, de par leur législation, ne peuvent appliquer le principe général consacré dans cet article accorderont dans des cas appropriés des dispenses en faveur de tels réfugiés.

Article 9

MESURES PROVISOIRES

Aucune des dispositions de la présente Convention n'a pour effet d'empêcher un Etat Contractant, en temps de guerre ou dans d'autres circonstances graves et exceptionnelles, de prendre provisoirement, à l'égard d'une personne déterminée, les mesures que cet Etat estime indispensables à la sécurité nationale, en attendant qu'il soit établi par ledit Etat Contractant que cette personne est effectivement un réfugié et que le maintien desdites mesures est nécessaire à son égard dans l'intérêt de sa sécurité nationale.

Article 10

CONTINUITÉ DE RÉSIDENCE

1. Lorsqu'un réfugié a été déporté au cours de la deuxième guerre mondiale et transporté sur le territoire de l'un des Etats Contractants et y réside, la durée de ce séjour forcé comptera comme résidence régulière sur ce territoire.

2. Lorsqu'un réfugié a été déporté du territoire d'un Etat Contractant au cours de la deuxième guerre mondiale et y est retourné avant l'entrée en vigueur de cette Convention pour y établir sa résidence, la période qui précède et celle qui suit cette déportation seront considérées, à toutes les fins pour lesquelles une résidence ininterrompue est nécessaire, comme ne constituant qu'une seule période ininterrompue.

Article 11

GENS DE MER RÉFUGIÉS

Dans le cas de réfugiés régulièrement employés comme membres de l'équipage à bord d'un navire battant pavillon d'un Etat Contractant, cet Etat examinera avec bienveillance la possibilité d'autoriser lesdits réfugiés à s'établir sur son territoire et de leur délivrer des titres de voyage ou de les admettre à titre temporaire sur son territoire, afin, notamment, de faciliter leur établissement dans un autre pays.

2. Iyo impunzi yatwawe ku nguvu iva mu gihugu cemeje aya masezerano mu gihe c'indwano ya kabiri y'isi yose ikongera ikagaruka kukibamwo imbere y'ishirwa mu ngiro ry'aya masezerano, igihe yabanje kuhaba hamwe n'igihe gikurikira ukwo gutwarwa kwayo bizofasha mu gihe cose bizoba bikenewe kwerekana ko yikurikiranije kuhaba, ariko yaracishijemwo igihe ntihabe, izofatwa nk'iyitigeze ihengeshanya kuhaba.

INGINGO YA 11

IMPUNZI ZIKORERA MU KIYAGA.

Mu gihe impunzi zisanzwe zikoreshwa ku mato yambaye Ibendera ry'igihugu cemeje aya masezerano, ico gihugu kizokwitwararika uburyo cokwemerera izo mpunzi kukibamwo no kuziha ibitabu vy'inzira, canke kizemerera kuba murico mu gihe c'agateganyo, kugira ngo kizifashe gushika no kugerera mu kindi gihugu.

IGICE CA II: IBISABWA N'AMATEGEKO.

Ingingo ya 12

AMATEGEKO AGENGA AKARANGA K'IMPUNZI.

1. Impunzi iyo ari yo yose izogengwa, ku bijanye n'akaranga kayo, n'amategeko y'igihugu ibamwo, canke mu gihe idasanzwe ifise aho iba, igengwe n'amategeko y'igihugu icumbitsewwo.
2. Uburenganzira impunzi yamaze kuronka bukomoka ku bigenga zina muntu nk'ibikomoka ku kwabirana, buzokwubahirizwa n'igihugu cose cemeje aya masezerano ariko habanje gukwizwa ibisabwa n'amategeko y'ico gihugu kuko ubwo burenganzira busanzwe butegerezwa kwubahirizwa n'amategeko y'ico gihugu naho uyo muntu atari kuba ari impunzi.

Ingingo ya 13:

AMATUNGO YIMUKA N'AYATIMUKA.

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokworohereza zina mpunzi yose mu buryo bwose bushoboka mu kuyironsa nk'ivyo bisanzwe bironsa mu bihe bisa nk'ivyo abanyamahanga muri rusangi ku vyerekeye kuronka amatungo yimuka n'ayatimuka n'ubundi burenganzira bujanye na yo, nko gukota no gukotesha hamwe n'ayandi masezerano yerekeye amatungo yimuka n'ayatimuka.

Ingingo ya 14

AMATUNGO MVABWENGE N'AMATUNGO MVABWENGE MU VYEREKEYE IBIHINGURWA

Ku vyerekeye ugukingira **Amatungo mvabwenge n'amatungo mvabwenge mu vyerekeye ibihingurwa** nko kuvywo umuntu atoye bitari bwaboneke, ibicapo, amashushanyo yiganwa mu guhingura ikintu, ibimenyetso biranga ihinguriro izina riranga urudandazwa, n'ibijanye n'ugukingira amatungo mvabwenge yerekeye amayagwa, ubuhinga n'ubumenyi, impunzi yose izokwubahirizwa yongere ikingirwe mu gihugu isanzwe icumbitsewwo co kimwe na bene gihugu.

Ku butaka bw'igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano, impunzi isanzwe icumbitsewwo izokingirwa co kimwe n'abenegihugu.

CHAPITRE II : CONDITION JURIDIQUE

Article 12

STATUT PERSONNEL

1. Le statut personnel de tout réfugié sera régi par la loi du pays de son domicile ou, à défaut de domicile, par la loi du pays de sa résidence.
2. Les droits, précédemment acquis par le réfugié et découlant du statut personnel, et notamment ceux qui résultent du mariage, seront respectés par tout Etat Contractant, sous réserve, le cas échéant, de l'accomplissement des formalités prévues par la législation dudit Etat, étant entendu, toutefois, que le droit en cause doit être de ceux qui auraient été reconnus par la législation dudit Etat si l'intéressé n'était devenu un réfugié.

Article 13

PROPRIÉTÉ MOBILIÈRE ET IMMOBILIÈRE

Les Etats Contractants accorderont à tout réfugié un traitement aussi favorable que possible et de toute façon un traitement qui ne soit pas moins favorable que celui qui est accordé, dans les mêmes circonstances, aux étrangers en général en ce qui concerne l'acquisition de la propriété mobilière et immobilière et autres droits s'y rapportant, le louage et les autres contrats relatifs à la propriété mobilière et immobilière.

Article 14

PROPRIÉTÉ INTELLECTUELLE ET INDUSTRIELLE

En matière de protection de la propriété industrielle, notamment d'inventions, dessins, modèles, marques de fabrique, nom commercial, et en matière de protection de la propriété littéraire, artistique et scientifique, tout réfugié bénéficiera dans le pays où il a sa résidence habituelle de la protection qui est accordée aux nationaux dudit pays. Dans le territoire de l'un quelconque des autres Etats Contractants, il bénéficiera de la protection qui est accordée dans ledit territoire aux nationaux du pays dans lequel il a sa résidence habituelle.

Article 15

DROITS D'ASSOCIATION

Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés qui résident régulièrement sur leur territoire, en ce qui concerne les associations à but non politique et non lucratif et les syndicats professionnels, le traitement le plus favorable accordé aux ressortissants d'un pays étranger, dans les mêmes circonstances.

Article 16

DROIT D'ESTER EN JUSTICE

1. Tout réfugié aura, sur le territoire des Etats Contractants, libre et facile accès devant les tribunaux.
2. Dans l'Etat Contractant où il a sa résidence habituelle, tout réfugié jouira du même traitement qu'un ressortissant en ce qui concerne l'accès aux tribunaux, y compris l'assistance judiciaire et l'exemption de la caution *judicatum solvi*.
3. Dans les Etats Contractants autres que celui où il a sa résidence habituelle, et en ce qui concerne les questions visées au paragraphe 2, tout réfugié jouira du même traitement qu'un national du pays dans lequel il a sa résidence habituelle.

Ingingo ya 15

UBURENGANZIRA BWO KUJA MU MASHIRAHAMWE.

Ku bijanye no kwinjira canke gushinga amashirahamwe adaharanira inyungu za poritike n'inyungu z'amafaranga hamwe n'amashirahamwe aharanira inyungu z'abakozi, ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha impunzi zisanzwe ziba muri vyo, uburenganzira busanzwe buhabwa abanyamahanga mu bihe bisa n'ivyo.

Ingingo ya 16

UBURENGANZIRA BWO KWITURA UBUTUNGANE.

1. Impunzi yose izoronka mu gihugu cemeje aya masezerano umwidegemvyo n'ukworoherezwa mu bijanye n'ukwitura amasentare.
2. Impunzi yose isanzwe iba mu gihugu cemeje aya masezerano izoronswa uburenganzira bungana n'ubw'umwenegihugu ku bijanye no kwitura amasentare, harimwo kuronka uwuyunganira canke ayiserukira mu butungane no kutirirwa irasabwa gutanga ingwati igaragaza ko ishoboye kuriha.
3. Mu bihugu vyemeje aya masezerano ariko atari ivyo impunzi isanzwe ibamwo, ku bijanye n'ibitegekanyijwe mu gahimba ka 2, impunzi iyo ari yo yose, mu gihugu isanzwe ibamwo, izofatwa co kimwe n'umwenegihugu.

IGICE CA III: IVYEREKEYE UBURI BWINJIZA AMAFARANGA

Ingingo ya 17

IMYUGA YINJIZA IMISHAHARA

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha impunzi yose isanzwe iba muri vyo biciye mu mategeko uburenganzira bungana n'ubwo bisanzwe bitanga mu bihe bisa ku bandi banyamahanga ku bijanye n'akazi karonkerwa umushahara.
2. Mu bihe vyose, ingingo zifise ico zigabanya zikurikizwa ku banyamahanga canke ku bijanye n'akazi k'abanyamahanga iyo bagomba gukingira akazi k'abenegihugu ntizokurikizwa ku mpunzi zari zisanzwe zarazikuweko gushika igihe ico gihugu gishiriye mu ngiro ayo masezerano canke ku mpunzi zikwije kimwe mu bikurikira:
 - a) Zimaze imyaka itatu ziba mu gihugu;
 - b) Zifise uwo bubakanye afise ubwenegihugu bw'igihugu abamwo, yamara ivyo impunzi ntishobora kuvyitwaza mu gihe yoba yarahevyeye canke Yarataye uwo bari bubakanye;
 - c) Zifise umwana canke abana benshi bafise ubwenegihugu bw'igihugu zibamwo.
3. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokwitwararika gufata ingingo zo guha uburenganzira impunzi ku bijanye no gutanga akazi kinjiza umushahara bungana n'ubw'abenegihugu na canecane ku mpunzi zinjiye mu gihugu bijanye n'umugambi wo gutanga akazi canke ku mugambi wo kwakira abanyamahanga.

Ingingo ya 18

IMYUGA ITINJIZA IMISHAHARA.

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokworohera impunzi zisanzwe ziba biciye mu mategeko muri vyo mu kuronsa mu buryo bwose bushoboka kandi butari muni y'ubwo

Article 17

PROFESSIONS SALARIÉES

1. Les Etats Contractants accorderont à tout réfugié résidant régulièrement sur leur territoire le traitement le plus favorable accordé, dans les mêmes circonstances, aux ressortissants d'un pays étranger en ce qui concerne l'exercice d'une activité professionnelle salariée.
2. En tout cas, les mesures restrictives imposées aux étrangers ou à l'emploi d'étrangers pour la protection du marché national du travail ne seront pas applicables aux réfugiés qui en étaient déjà dispensés à la date de l'entrée en vigueur de cette Convention par l'Etat Contractant intéressé, ou qui remplissent l'une des conditions suivantes :
 - a) compter trois ans de résidence dans le pays ;
 - b) avoir pour conjoint une personne possédant la nationalité du pays de résidence.
Un réfugié ne pourrait invoquer le bénéfice de cette disposition au cas où il aurait abandonné son conjoint ;
 - c) avoir un ou plusieurs enfants possédant la nationalité du pays de résidence.
3. Les Etats Contractants envisageront avec bienveillance l'adoption de mesures tendant à assimiler les droits de tous les réfugiés en ce qui concerne l'exercice des professions salariées à ceux de leurs nationaux et ce, notamment pour les réfugiés qui sont entrés sur leur territoire en application d'un programme de recrutement de la main-d'œuvre ou d'un plan d'immigration.

Article 18

PROFESSIONS NON SALARIÉES

Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés se trouvant régulièrement sur leur territoire le traitement aussi favorable que possible et en tout cas un traitement non moins favorable que

Celui accordé dans les mêmes circonstances aux étrangers en général, en ce qui concerne l'exercice d'une profession non salariée dans l'agriculture, l'industrie, l'artisanat et le commerce, ainsi que la création de sociétés commerciales et industrielles.

Article 19

PROFESSIONS LIBÉRALES

1. Tout Etat Contractant accordera aux réfugiés résidant régulièrement sur leur territoire, qui sont titulaires de diplômes reconnus par les autorités compétentes dudit Etat et qui sont désireux d'exercer une profession libérale, un traitement aussi favorable que possible et en tout cas un traitement non moins favorable que celui accordé, dans les mêmes circonstances, aux étrangers en général.
2. Les Etats Contractants feront tout ce qui est en leur pouvoir, conformément à leurs lois et constitutions, pour assurer l'installation de tels réfugiés dans les territoires, autres que le territoire métropolitain, dont ils assument la responsabilité des relations internationales.

Bisanzwe biha abanyamahanga muri rusangi mu bihe bisa n'ivyo, uburenganzira mu vyerekeye imyuga itinjiza umushahara mu burimyi, mu mahinguriro, mu myuga n'ubudandaji hamwe no gushinga amashirahamwe y'ubudandaji hamwe n'amahinguriro.

Ingingo ya 19

Imyuga y'abigenga.

1. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizoha impunzi zisanzwe zikibamwo biciye mu mategeko zifise impapuro z'umutsindo zemejwe n'ubutegetsi bw'ico gihugu, uburenganzira bwo gukora imyuga y'abigenga mu bihe zivyipfuzwa, butari muni y'ubwo bisanzwe biha mu bihe bisa n'ivyo abanyamahanga muri rusangi.
2. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokora uko bishoboye kwose, vyisunze amategeko n'amabwirizwa shingiro ya vyo kugira ngo bihe impunzi ikibanza co kubamwo mu zindi ntara atari intara nyamukuru ariko zisanzwe zegukira ivyo bihugu mu bitegekanywa n'imigenderanire mpuzamakungu.

IGICE CA IV: KUBAHO NEZA.

Ingingo ya 20

UGUSABIKANYA.

Mu gihe hasanzwe hatunganijwe uburyo bw'ugusabikaniriza abanyagihugu muri rusangi ivya nkenerwa canecane mu gihe vyakeshe, impunzi zizofatwa co kimwe n'abenegihugu.

Ingingo ya 21

UBURARO.

Ku vyerekeye uburaro, ibihugu vyemeje aya masezerano, mu gihe iyi ngingo isanzwe itegakanijwe n'amabwirizwa n'amategeko canke igenzurwa n'abategetsi b'igihugu, bizofata n'imiburiburi impunzi zisanzwe zibibamwo, mu buryo bwose bushoboka, no mu bihe bisa n'ivyo, nk'abanyamahanga muri rusangi.

Ingingo ya 22

_INYIGISHO MU MASHURE YA RETA.

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizofata impunzi co kimwe n'abenegihugu ku bijanye no kwiga amashure y'intango.
2. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokworohera impunzi mu buryo bwose bushoboka butari muni y'ubwo bisanzwe biha abandı banyamahanga muri rusangi mu bihe bisa n'ivyo ku bijanye n'inyigisho mu mashure atari ay'intango nko kuba zifise uburenganzira bwo kwiga, ukwemera impapuro zemeza k'umuntu yakurikiranye inyigisho kanaka, impapuro z'umutsindo zitandukanye, harimwo n'izindi mpapuro za kaminuza zaronkewe mu mahanga, mu kubakurako amakori no kubaha imfashanyo zihabwa abanyeshure nk'abo.

Article 20

RATIONNEMENT

Dans le cas où il existe un système de rationnement auquel est soumise la population dans son ensemble et qui régleme la répartition générale de produits dont il y a pénurie, les réfugiés seront traités comme les nationaux.

Article 21

LOGEMENT

En ce qui concerne le logement, les Etats Contractants accorderont, dans la mesure où cette question tombe sous le coup des lois et règlements ou est soumise au contrôle des autorités publiques, aux réfugiés résidant régulièrement sur leur territoire un traitement aussi favorable que possible ; ce traitement ne saurait être, en tout cas, moins favorable que celui qui est accordé, dans les mêmes circonstances, aux étrangers en général.

Article 22

EDUCATION PUBLIQUE

1. Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés le même traitement qu'aux nationaux en ce qui concerne l'enseignement primaire.
2. Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés un traitement aussi favorable que possible, et en tout cas non moins favorable que celui qui est accordé aux étrangers en général dans les mêmes circonstances quant aux catégories d'enseignement autre que l'enseignement primaire et notamment en ce qui concerne l'accès aux études, la reconnaissance de certificats d'études, de diplômes et de titres universitaires délivrés à l'étranger, la remise des droits et taxes et l'attribution de bourses d'études.

Article 23

ASSISTANCE PUBLIQUE

Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés résidant régulièrement sur leur territoire le même traitement en matière d'assistance et de secours publics qu'à leurs nationaux.

Article 24

LÉGISLATION DU TRAVAIL ET SÉCURITÉ SOCIALE

1. Les Etats Contractants accorderont aux réfugiés résidant régulièrement sur leur territoire le même traitement qu'aux nationaux en ce qui concerne les matières suivantes :

- a) Dans la mesure où ces questions sont réglementées par la législation ou dépendent des autorités administratives : la rémunération, y compris les allocations familiales lorsque ces allocations font partie de la rémunération, la durée du travail, les heures supplémentaires, les congés payés, les restrictions au travail à domicile, l'âge d'admission à l'emploi, l'apprentissage et la formation professionnelle, le travail des femmes et des adolescents et la jouissance des avantages offerts par les conventions collectives ;
- b) La sécurité sociale (les dispositions légales relatives aux accidents du travail, aux maladies professionnelles, à la maternité, à la maladie, à l'invalidité, à la vieillesse et au décès, au chômage, aux charges de famille, ainsi qu'à tout autre risque qui, conformément à la législation nationale, est couvert par un système de sécurité sociale), sous réserve :
 - I) Des arrangements appropriés visant le maintien des droits acquis et des droits en cours d'acquisition ;
 - ii) Des dispositions particulières prescrites par la législation nationale du pays de résidence et visant les prestations ou fractions de prestations payables exclusivement sur les fonds publics, ainsi que les allocations versées aux personnes qui ne réunissent pas les conditions de cotisation exigées pour l'attribution d'une pension normale.

Ingingo ya 23

GUFASHWA NA LETA

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizofata impunzi zisanzwe zibibamwo mu buryo bumwe nk'abenegihugu ku bijanye n'ugufashwa n'ugutabarwa na reta.

Ingingo ya 24

AMATEGEKO AGENGA AKAZI NO GUTEGEKANIRIZA KAZOZA.

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizofata impunzi zisanzwe zibibamwo biciye mu mategeko co kimwe n'abenegihugu kuri ibi bikurikira:

- a) Mu gihe ibijanye n'akazi n'ugutegekaniriza kazoza abakozi bigen-gwa n'amategeko canke vyega ubutegetsi mu ntwaro: umushahara harimwo n'amafaranga yo gufata mu mungongo umukozi kubera umuryango afise, mu gihe ayo mafaranga asanzwe aharurwa mu mushahara, ikiringo akazi kamara, amasaha yiyongera ku masaha y'akazi, iminsi y'akaruhuko ihemberwa imishahara, imirimo itarekuwe kurangurirwa muhira, imyaka isabwa kugira umuntu yemererwe gukora akazi, kwimenyereza n'ukwiga umwuga, akazi k'abakenyezi n'imiyabaga hamwe no kuronswa uturusho dutegakanijwe n'amasezerano y'amashirahamwe ahuza abakozi n'abakoresha.
- b) Ugutegekaniriza kazoza abakozi, (amategeko agenga impanuka z'akazi, indwara ziturutse ku kazi, ukwibaruka, indwara, ubumuga, ubusaza n'urupfu, ukutagira akazi, imitwaro y'imiryango hamwe n'ikindi ico ari co cose gitegerezwa kurihwa gitegekanijwe n'amategeko agenga kazoza k'abakozi hisanzwe amategeko y'igihugu) ariko habanje kuba:
 - i) Ivyumvikanywe bibereye mu ntumbero y'ukugumana uburenganzira bumaze kuronkwa n'ubundi bukiriko buratangwa;
 - ii) Ingingo zidasanzwe zitegekanijwe n'amategeko y'igihugu babamwo zerekeye imirimo canke ibice bimwe bimwe vy'imirimo birihwa gusa n'ikigega ca reta, hamwe n'amafaranga ahabwa abantu badakwije ibisabwa n'amategeko mu vyerekeye intererano zikenewe kugira batekererwe iyo bakwije imyaka y'ugukukuruka.

2. Uburenganzira buvuye ku rupfu rw'impunzi rutewe n'impanuka y'akazi canke ruvuye ku ndwara iturutse ku kazi butegerezwa gutangwa hatabanje kurabwa k'uwumutorana ataba mu gihugu cemeje aya masezerano.

3. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha impunzi ibizifasha bivuye mu masezerano vyagiriraniye hagati yavyo canke bizogiririra, ku bijanye no kugumya uburenganzira bwamaze kuronkwa canke bugiye kuboneka ku vyerekeye kuziganiriza kazoza abakozi, mu gihe impunzi zoba zikwije ibisanzwe bisabwa kuri benegihugu bavuka mu bihugu vyashize igikumu kuri aya masezerano.

4. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokwitaho uburyo bwose bushoboka bwo kuronsa impunzi ivyo vyose bikenewe bivuye mu masezerano asa n'ayo azoshirwa mu ngiro n'ivyo bihugu vyayemeje n'ibitayemeje.

2. Les droits à prestation ouverts par le décès d'un réfugié survenu du fait d'un accident du travail ou d'une maladie professionnelle ne seront pas affectés par le fait que l'ayant droit réside en dehors du territoire de l'Etat Contractant.

3. Les Etats Contractants étendront aux réfugiés le bénéfice des accords qu'ils ont conclus ou viendront à conclure entre eux, concernant le maintien des droits acquis ou en cours d'acquisition en matière de sécurité sociale, pour autant que les réfugiés réunissent les conditions prévues pour les nationaux des Pays signataires des accords en question.

4. Les Etats Contractants examineront avec bienveillance la possibilité d'étendre, dans toute la mesure du possible, aux réfugiés, le bénéfice d'accords similaires qui sont ou seront en vigueur entre ces Etats Contractants et des Etats non contractants.

CHAPITRE V: MESURES ADMINISTRATIVES

Article 25

AIDE ADMINISTRATIVE

1. Lorsque l'exercice d'un droit par un réfugié nécessiterait normalement le concours d'autorités étrangères auxquelles il ne peut recourir, les Etats Contractants sur le territoire desquels il réside veilleront à ce que ce concours lui soit fourni soit par leurs propres autorités, soit par une autorité internationale.
2. La où les autorités visées au paragraphe 1 délivreront ou feront délivrer, sous leur contrôle, aux réfugiés, les documents ou certificats qui normalement seraient délivrés à un étranger par ses autorités nationales ou par leur intermédiaire.
3. Les documents ou certificats ainsi délivrés remplaceront les actes officiels délivrés à des étrangers par leurs autorités nationales ou par leur intermédiaire, et feront foi jusqu'à preuve du contraire.
4. Sous réserve des exceptions qui pourraient être admises en faveur des indigents, les services mentionnés dans le présent article pourront être rétribués ; mais ces rétributions seront modérées et en rapport avec les perceptions opérées sur les nationaux à l'occasion de services analogues.
5. Les dispositions de cet article n'affectent en rien les articles 27 et 28.

Article 26

LIBERTÉ DE CIRCULATION

Tout Etat Contractant accordera aux réfugiés se trouvant régulièrement sur son territoire le droit d'y choisir leur lieu de résidence et d'y circuler librement sous les réserves instituées par la réglementation applicable aux étrangers en général dans les mêmes circonstances.

IGICE CA V: INGINGO ZIJANYE N'IVY'INTWARO.

Ingingo ya 25

IMFASHANYO MUVY'INTWARO.

1. Mu gihe kwubahiriza uburenganzira bw'impunzi bisaba kwitura abategetsi bo mu bindi bihugu impunzi idashobora gushikira; ibihugu vyemeje aya masezerano kandi isanzwe ibamwo biritwararika ko ivyo yarondera abironka abifashijwe n'abategetsi b'ivyo bihugu canke n'umutegetsi wo mu rwego mpuzamakungu.
2. Umutegetsi canke abategetsi bavuzwe muri aka gahimba 1 bazoronsa canke bafashe kuronsa impunzi, bihararikiwe n'abo bategetsi, inzandiko canke impapuro zotegerejwe guhabwa umunyamahanga n'abategetsi b'igihugu ciwe canke ababaserukira.
3. Impapuro zizoba zatanzwe zizosubirira izandiko zemewe n'amategeko zihabwa abanyamahanga n'abategetsi b'ibihugu vyabo canke ababaserukira kandi zizoguma zemewe gushika habonetse ikizihinyuza.
4. Kiretse ibishobora kwemererwa ba ntahonikora, ibikorwa vyavuzwe muri iyi ngingo bishobora kurishyirwa ku rugero rubereye hisunzwe amafaranga atozwa abenegihugu bakorewe ibikorwa nk'ivyo.
5. Ibitegekanijwe muri iyi ngingo ntaco bishobora guhindura mu bitegekanijwe n'ingingo ya 27 n'ya 28.

Ingingo ya 26

UKWISHIRA N'UKWIZANA MU RUJA N'URUZA

Igihugu cose cemeje aya masezerano kizoha impunzi zisanzwe zikibamwo biciye mu mategeko uburenganzira bwo guhitamwo aho ziba n'ukugira ukwishira n'ukwizana mu ruja n'uruza hubahirijwe amategeko asanzwe agenga abanyamahanga bari mu bihe nk'ivyo.

Ingingo ya 27

IMPAPURO NDANGAMUNTU

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha impunzi iyari yo yose ibibamwo ibiyiranga mu gihe idafise igitabu c'inzira cemewe.

Ingingo ya 28

IBITABU VY'INZIRA

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha impunzi zisanzwe zibibamwo biciye mu mategeko ibitabu vy'inzira bizozifasha kugira ingendo mu mahanga kiretse igihe hariho imvo zikomeye zifatiye ku mutekano w'igihugu zibibuza; Ingingo zitegekaniywe mu mperekeza z'aya masezerano zizokurikizwa mu gutanga ivyo bitabu. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoshobora guha iyindi mpunzi iyo ari yo yose iri muri ico gihugu igitabu c'inzira; bizokwitaho gusumba impunzi ziri muri ico gihugu zidashobora kuronka igitabu c'inzira mu gihugu zisanzwe zibamwo.

2. Ibitabu vy'inzira vyatanzwe hisunzwe amasezerano Mpuzamakungu yari ahasanzwe n'ibihugu vyayemeje bizokwemerwa n'ibihugu vyemeje aya masezerano kandi bifatwe nk'uko vyahawe impunzi hisunzwe iyi ngingo.

Ingingo ya 29

AMAKORI

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizotoza impunzi amatagisi n'amakori ayo ari yo yose atari ahasanzwe canke ayarengeye ayasanzwe atozwa abenegihugu mu bihe bisa n'ivyo.

2. Ibitegekaniywe mu gahimba ka 1 ntibibuza ko amabwirizwa n'amategeko yerekeye amatagisi ajanye no guha abanyamahanga inzandiko zitangwa n'ubutegetsi zikenewe Harimwo n'impapuro ndagamuntu akurikizwa ku mpunzi.

Ingingo ya 30

KWIMURIRA AHANDI AMATUNGO.

1. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizokwemerera impunzi, hisunzwe amabwirizwa n'amategeko y'igihugu cazo, gusohora amatungo zazanye muri ico gihugu ziyimurira mu kindi gihugu zigiyeye kubamwo.

Article 27

PIÈCES D'IDENTITÉ

Les Etats Contractants délivreront des pièces d'identité à tout réfugié se trouvant sur leur territoire et qui ne possède pas un titre de voyage valable.

Article 28

TITRES DE VOYAGE

1. Les Etats Contractants délivreront aux réfugiés résidant régulièrement sur Leur territoire, des titres de voyage destinés à leur permettre de voyager hors de ce territoire à moins que des raisons impérieuses de sécurité nationale ou d'ordre public ne s'y opposent; les dispositions de l'Annexe à cette Convention s'appliqueront à ces documents. Les Etats Contractants pourront délivrer un tel titre de voyage à tout autre réfugié se trouvant sur leur territoire ; ils accorderont une attention particulière aux cas de réfugiés se trouvant sur leur territoire et qui ne sont pas en mesure d'obtenir un titre de voyage du pays de leur résidence régulière.

2. Les documents de voyage délivrés aux termes d'accords internationaux antérieurs par les Parties à ces accords seront reconnus par les Etats Contractants, et traités comme s'ils avaient été délivrés aux réfugiés en vertu du présent article.

Article 29

CHARGES FISCALES

1. Les Etats Contractants n'assujettiront pas les réfugiés à des droits, taxes, impôts, sous quelque dénomination que ce soit, autres ou plus élevés que ceux qui sont ou qui seront perçus sur leurs nationaux dans des situations analogues.

2. Les dispositions du paragraphe précédent ne s'opposent pas à l'application aux réfugiés des dispositions des lois et règlements concernant les taxes afférentes à la délivrance aux étrangers de documents administratifs, pièces d'identité y comprises.

Article 30

TRANSFERT DES AVOIRS

1. Tout Etat Contractant permettra aux réfugiés, conformément aux lois et règlements de leur pays, de transférer les avoirs qu'ils ont fait entrer sur son territoire, dans le territoire d'un autre

pays où ils ont été admis afin de s'y réinstaller.

2. Tout Etat Contractant accordera sa bienveillante attention aux demandes présentées par des réfugiés qui désirent obtenir l'autorisation de transférer tous autres avoirs nécessaires à leur réinstallation dans un autre pays où ils ont été admis afin de s'y réinstaller.

Article 31

RÉFUGIÉS EN SITUATION IRRÉGULIÈRE DANS LE PAYS D'ACCUEIL

1. Les Etats Contractants n'appliqueront pas de sanctions pénales, du fait de leur entrée ou de leur séjour irréguliers, aux réfugiés qui, arrivant directement du territoire où leur vie ou leur liberté était menacée au sens prévu par l'article premier, entrent ou se trouvent sur leur territoire sans autorisation, sous la réserve qu'ils se présentent sans délai aux autorités et leur exposent des raisons reconnues valables de leur entrée ou présence irrégulières.

2. Les Etats Contractants n'appliqueront aux déplacements de ces réfugiés d'autres restrictions que celles qui sont nécessaires ; ces restrictions seront appliquées seulement en attendant que le statut de ces réfugiés dans le pays d'accueil ait été régularisé ou qu'ils aient réussi à se faire admettre dans un autre pays. En vue de cette dernière admission les Etats Contractants accorderont à ces réfugiés un délai raisonnable ainsi que toutes facilités nécessaires.

Article 32

EXPULSION

1. Les Etats Contractants n'expulseront un réfugié se trouvant régulièrement sur leur territoire que pour des raisons de sécurité nationale ou d'ordre public.

2. L'expulsion de ce réfugié n'aura lieu qu'en exécution d'une décision rendue conformément à la procédure prévue par la loi. Le réfugié devra, sauf si des raisons impérieuses de sécurité nationale s'y opposent, être admis à fournir des preuves tendant à le disculper, à présenter un recours et à se faire représenter à cet effet devant une autorité compétente ou devant une ou plusieurs personnes spécialement désignées par l'autorité compétente.

2. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizokworoheraze impunzi zikeneye uruhusha rwo kwimura ayandi matungo yose akenewe ayifasha gucumbika mu kindi gihugu zemerewe kwimukiramwo.

Ingingo ya 31

IMPUNZI ZIDAKWIJE IBISABWA N'AMATEGEKO MU GIHUGU

CAZAKIRIYE.

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizohanisha impunzi ibihano bitegekanijwe n'ingingo mpanavyaha mu gihe zinjiye canke ziri mu gihugu zitavyemerewe zije ziva mu gihugu aho ubuzima bwazo canke ukwishira n'ukwizana kwazo vyari bigeramiwe nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 1, zinjiye canke ziri mu gihugu ata ruhusha zifishe mu gihe zishikanye k'ubutegetsi zidatevye zikabushikiriza imvo zishemeye zatumye zinjira canke ziba ziri mu gihugu zidakurikije amategeko.

2. Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizofata izindi ngingo ziza zigabanya uruja n'uruza rw'impunzi atari mu gihe bikenewe gusa; izo ngingo zigabanya uburenganzira zizokurikizwa gusa mu kurindira ko zemererwa kuronka akaranga k'impunzi mu gihugu cazakiriye canke zimaze kwemererwa kuja kuba mu kindi gihugu. Ivyo bimaze kwemererwa, ibihugu vyemeje aya masezerano bizoca biha impunzi umwanya ukwiye vyongere bizorohera uko bikenewe kwose.

Ingingo ya 32

KWIRUKANWA

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizokwirukana impunzi isanzwe iba muri ivyo bihugu biciye mu mategeko kiretse gusa bivuye ku mvo z'umutekeno w'igihugu canke uw'abanyagihugu.

2. Ukwirukana impunzi bitegerezwa kuba gusa mu ntumbero yo gukiriza ingingo yafashwe hisunzwe ibitegekanijwe n'amategeko. Kiretse hari imvo zihambaye zotuma umutekano w'igihugu uhungabana canke ugeramirwa, impunzi izotegerezwa kwemererwa gutanga ivyemezo ko ata caha kiyagira, kwunguruza n'uguserukirwa ku bw'iyi mpavu imbere y'ubutegetsi bubifitiye ububasha, umuntu, canke abantu bagenewe ico n'ubutegetsi bubijejwe.

3. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoha bene iyo mpunzi umwanya ukwiye kugira ngo irondere ikindi gihugu yokwemererwa kubamwo biciye mu mategeko. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizoshobora gukoresha muri ico kiringo ingingo izoba ibereye.

Ingingo ya 33

**KUBUZA KWIRUKANA NO GUSUBIZA
INYUMA IMPUNZI**

Nta gihugu na kimwe muvyejeje aya masezerano gishobora kwirukana canke gusubiza inyuma impunzi ikajanywa ku mbibe z'igihugu, mu buryo ubwo ari bwo bwose, aho ubuzima bwayo canke ukwishira n'ukwizana vyoshobora kubangamirwa kubera urukoba rwayo, idini, ubwengehugu, ukuba mu murwi kanaka canke ivyiyumviro vyayo vya poritike.

Ariko rero, impunzi ntishobora kwitwaza iyi ngingo igihe hari imvo zikomeye zituma ifatwa ko ihungabanya umutekano w'igihugu ibamwo canke yamaze gucirirwa igihano ubutagisubirwamwo ku caha gikomeye bigatuma abangamira umutekano w'abanyagihugu.

Ingingo ya 34

UKURONKA UBWENEGIHUGU.

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokworohereza impunzi mu buryo bwose bushoboka kwitirirwa no guhabwa ubwengehugu bwaho. Bizogerageza kunyarutsa ibijanye no kubaronsa ubwengehugu n'ukubagabaniriza uko bishoboka kwose amatagisi n'amafaranga arihwa mu bijanye n'ukuronka ubwengehugu.

3. Les Etats Contractants accorderont à un tel réfugié un délai raisonnable pour lui permettre de chercher à se faire admettre régulièrement dans un autre pays. Les Etats Contractants peuvent appliquer, pendant ce délai, telle mesure d'ordre interne qu'ils jugeront opportune.

Article 33

DÉFENSE D'EXPULSION ET DE REFOULEMENT

1. Aucun des Etats Contractants n'expulsera ou ne refoulera, de quelque manière que ce soit, un réfugié sur les frontières des territoires où sa vie ou sa liberté serait menacée en raison de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social ou de ses opinions politiques.

2. Le bénéfice de la présente disposition ne pourra toutefois être invoqué par un réfugié qu'il y aura des raisons sérieuses de considérer comme un danger pour la sécurité du pays où il se trouve ou qui, ayant été l'objet d'une condamnation définitive pour un crime ou délit particulièrement grave, constitue une menace pour la communauté dudit pays.

Article 34

NATURALISATION

Les Etats Contractants faciliteront, dans toute la mesure du possible, l'assimilation et la naturalisation des réfugiés. Ils s'efforceront notamment d'accélérer la procédure de naturalisation et de réduire, dans toute la mesure du possible, les taxes et les frais de cette procédure.

Article 35

COOPÉRATION DES AUTORITÉS NATIONALES AVEC LES NATIONS UNIES

1. Les Etats Contractants s'engagent à coopérer avec le Haut Commissariat des Nations Unies pour les réfugiés, ou toute autre institution des Nations Unies qui lui succéderait, dans l'exercice de ses fonctions et en particulier à faciliter sa tâche de surveillance de l'application des dispositions de cette Convention.

2. Afin de permettre au Haut Commissariat ou à toute autre institution des Nations Unies qui lui succéderait de présenter des rapports aux organes compétents des Nations Unies, les Etats Contractants s'engagent à leur fournir dans la forme appropriée les informations et les données statistiques demandées relatives :

- a) au statut des réfugiés,
- b) à la mise en œuvre de cette Convention, et
- c) aux lois, règlements et décrets, qui sont ou entreront en vigueur en ce qui concerne Les réfugiés.

Ingingo ya 35

**GUFASHANYA KW'ABATEGETSI B'IBIHUGU N'ISHIRAHAMWE
MPUZAMAKUNGU ONU.**

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano vyiyemeje gufashanya n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ryitaho impunzi canke ikindi gisata cose c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU corisubirira mu kurangura imirimo rijejwe na canecane ijambo rimwe mukuryorohereza umurimo wo gucungera ishirwa mu ngiro ry'ibitegekanyijwe n'aya masezerano.

2. Kugira bafashe Ishirahamwe Mpuzamakungu ryitaha impunzi canke ikindi gisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU corisubirira mugushikiriza ivyegeranyo ibisata bigize Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, ibihugu vyemeje aya masezerano vyiyemeje kubishikiriza muburyo bubereye inkuru n'ivyatororokanyijwe vyasabwe vyerekeye ibi bikurikira:

- a) Amategeko agenga impunzi,
- b) Ishirwa mu ngiro ry'aya masezerano,
- c) Amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa canke azoshirwa mu ngiro mu bijanye n'impunzi.

Ingingo ya 36

IBIMENYESHWA KU MABWIRIZWA N'AMATEGEKO Y'IGIHUGU.

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizomenyeshya Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU amabwirizwa n'amategeko bizoshobora gushiraho kugira bishire mu ngiro aya masezerano.

Ingingo ya 37

ISANO N'AYANDI MASEZERANO ASANZWEHO.

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 k'ingingo ya 28; aya masezerano asubiriye, kubayemeje, amasezerano yo ku wa 5 Mukakaro 1922, ayo ku wa 31 Rusama 1924, ayo ku wa 12 Rusama 1926, ayo ku wa 30 Ruheshi 1928 no ku wa 30 Mukakaro 1935 hamwe n'amasezerano yo ku wa 28 Gitugutu 1933, yo ku wa 10 Ruhuhuma 1938 hamwe n'amasezerano yunganira yo ku wa 14 Nyakanga 1939 n'amasezerano yo ku wa 15 Gitugutu 1946.

Article 36

**RENSEIGNEMENTS PORTANT SUR LES LOIS ET RÈGLEMENTS
NATIONAUX**

Les Etats Contractants communiqueront au Secrétaire général des Nations Unies le texte des lois et des règlements qu'ils pourront promulguer pour assurer l'application de cette Convention.

Article 37

RELATIONS AVEC LES CONVENTIONS ANTÉRIEURES

Sans préjudice des dispositions du paragraphe 2 de l'article 28, cette Convention remplace, entre les Parties à la Convention, les accords des 5 juillet 1922, 31 mai 1924, 12 mai 1926, 30 juin 1928 et 30 juillet 1935, ainsi que les Conventions des 28 octobre 1933, 10 février 1938, le Protocole du 14 septembre 1939 et l'Accord du 15 octobre 1946.

CHAPITRE VII : CLAUSES FINALES

Article 38

RÈGLEMENT DES DIFFÉRENDS

Tout différend entre les Parties à cette Convention relatif à son interprétation ou à son application, qui n'aura pu être réglé par d'autres moyens, sera soumis à la Cour internationale de Justice à la demande de l'une des Parties au différend.

Article 39

SIGNATURE, RATIFICATION ET ADHÉSION

1. Cette Convention sera ouverte à la signature à Genève le 28 juillet 1951 et, après cette date, déposée auprès du Secrétaire général des Nations Unies. Elle sera ouverte à la signature à l'Office européen des Nations Unies du 28 juillet au 31 août 1951, puis ouverte à nouveau à la signature au Siège de l'Organisation des Nations Unies du 17 septembre 1951 au 31 décembre 1952.

2. Cette Convention sera ouverte à la signature de tous les Etats Membres de l'Organisation des Nations Unies ainsi que de tout autre Etat non membre invité à la Conférence de plénipotentiaires sur le statut des réfugiés et des apatrides ou de tout Etat auquel l'Assemblée générale aura adressé une invitation à signer. Elle devra être ratifiée et les instruments de ratification seront déposés auprès du Secrétaire général des Nations Unies.

3. Les Etats visés au paragraphe 2 du présent article pourront adhérer à cette Convention à dater du 28 juillet 1951. L'adhésion se fera par le dépôt d'un instrument d'adhésion auprès du Secrétaire général des Nations Unies.

Article 40

CLAUSE D'APPLICATION TERRITORIALE

1. Tout Etat pourra, au moment de la signature, ratification ou adhésion, déclarer que cette Convention s'étendra à l'ensemble des territoires qu'il représente sur le plan international, ou à l'un ou plusieurs d'entre eux. Une telle déclaration produira ses effets au moment de l'entrée en vigueur de la Convention pour ledit Etat.

IGICE CA VII: INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 38

UGUTATURA AMATATI

Amatati ayo ari yo yose yadutse hagati y'abemeje aya masezerano ku bijanye n'uburyo asigurwa canke ashirwa mu ngiro adashoye gutorerwa umuti mu bundi buryo azoshikirizwa Sentare Mpuzamakungu ibisabwe n'igihugu kimwe mu vyatase.

Ingingo ya 39

GUSHIRA UMUKONO KU MASEZERANO, UKUYEMEZA N'UKUYINJIRAMWO

1. Aya masezerano azoshirirwako umukono i Geneve kw'igenekerezo rya 28 Mukakaro 1951 hanyuma ashikirizwe Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU. Azoshirwako umukono ku biro vy'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU biri iburaya kuwa ku wa 28 Mukakaro gushika kuwa 31 Myandagaro 1951, hanyuma ashirwe ko umukono bushasha ku cicaro c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kuwa ku wa 17 Nyakanga 1951 gushika ku wa 31 Kigarama 1952.

2. Aya masezerano azotangura gushirwako umukono n'ibihugu vyose bihuri-kiye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU hamwe n'ibindi bihugu bitari muri iryo shirahamwe bizoba vyatumiwe mu nama y'abasurukira ibihugu yerekeye akaranga k'impunzi n'abatagira ubwengehugu canke igihugu ico ari co cose inama ya bose izoba yatumiye kuja kuyashirako umukono. Ayo masezerano azotegerezwa kwemezwa kandi amategeko ayemeza azorungikwa ku biro vy'Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

3. Ibihugu vyavuzwe mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo bishobora kuzokwinjira muri aya masezerano kuwa ku wa 28 Mukakaro 1951. Ukuyinjiramo bizogirwa mu gushikiriza Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU urwandiko rwemeza ko igihugu kiyinjijemwo.

Ingingo ya 40

INGINGO ZEREKEYE ISHIRWA MU NGIRO RY'AYA MASEZERANO MU TURERE

1. Igihugu ico ari co cose kizashobora kumenyesha mu gihe co gushira umukono ku masezerano, kuyemeza canke kuyinjiramo, ko azokurikizwa mu turere twose giserukira ku rwego mpuzamakungu, canke mu karere kamwe canke twinshi muri two. Ibizoba bimenyeshejwe bizotangura gukurikizwa mu gihe ayo masezerano azoshirwa mu ngiro n'ico gihugu.

2. Mu kiringo ico ari co cose kizokurikira ukwo gutandukira kuzoba biciye mukubimenyesha Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kandi bikazatangura kugira inkurikizi ku musi ugira mirongo icenda kuva Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU abimenyeshejwe canke kuva kw'igenekerezo igihugu kizatangurirako gushira mu ngiro aya masezerano mu gihe iryo genekerezo rije inyuma y'aho vyamenyesherejwe.

3. Ku vyerekeye uturere aya masezerano atazoba aratangura gukurikizwa kw'igenekerezo ashiriweko umukono, yemerejwe canke yinjirwemwo, igihugu ico ari co cose kibishimye kizokwiga mu maguru masha ingene cofata ingingo zose zishoboka kugira ngo ayo masezerano ashobore gukurikizwa muri utwo turere ariko habanje kwihwezwa mu gihe bikenewe ko abatwara utwo turere bavyemeye mu gihe amabwirizwa nshingiro yo muri utwo turere yoba ariko abitegekanyana.

Ingingo ya 41

INGINGO ZEREKEYE RETA ZUNZE

UBUMWE.

Mu gihe Reta zunze ubumwe canke Reta zunze ubumwe ariko igihugu kimwe kimwe cigenga, ibitegekanyijwe bikurikira bizoshirwa mu ngiro:

- a) Ku vyerekeye ingingo z'aya masezerano asabwa gushirwa mu ngiro biciye mu rwego nshingamategeko rwa Reta zunze ubumwe, ibitegerejwe bizoba ari bimwe n'ibizosabwa ibindi bihugu bitari muri Reta zunze ubumwe.
- b) Ku vyerekeye izo ngingo z'aya masezerano zisabwa gushirwa mu ngiro biciye mu rwego nshingamategeko rw'igihugu kimwe kimwe, intara canke uturere tugize igihugu bidategerezwa gushinga amabwirizwa yo mu rwego nshingamategeko hisunzwe ibwirizwa nshingiro rya Reta zunze ubumwe, ari na zo zizomenyesha mu maguru masha izo ngingo hamwe n'icyumviro cazo co kuzishigikira, abategetsi babijwe ba Reta, b'intara canke b'uturere.
- c) Igihugu kimwe kiri muri Reta zunze ubumwe cemeje aya masezerano, kibisabwe n'ikindi gihugu cemeje aya masezerano kizomenyesha, kibicishije ku Munyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, icegeranyo c'amategeko n'ibisanzwe bikurikizwa muri Reta zunze ubumwe n'ibihugu bizigize kuvyerekeye ingingo imwe canke iyindi y'aya masezerano, yerekana uburyo iyo ngingo yashizwe mu ngiro biciye mu rwego nshingamategeko canke ahandi.

2. A tout moment ultérieur cette extension se fera par notification adressée au Secrétaire général des Nations Unies et produira ses effets à partir du quatre-vingt-dixième jour qui suivra la date à laquelle le Secrétaire général des Nations Unies aura reçu la notification ou à la date d'entrée en vigueur de la Convention pour ledit Etat si cette dernière date est postérieure.

3. En ce qui concerne les territoires auxquels cette Convention ne s'appliquerait pas à la date de la signature, ratification ou adhésion, chaque Etat intéressé examinera la possibilité de prendre aussitôt que possible toutes mesures nécessaires afin d'aboutir à l'application de Cette Convention auxdits territoires sous réserve, le cas échéant, de l'assentiment des gouvernements de ces territoires qui serait requis pour des raisons constitutionnelles.

Article 41

CLAUSE FÉDÉRALE

Dans le cas d'un Etat fédératif ou non unitaire, les dispositions ci-après s'appliqueront :

- a) En ce qui concerne les articles de cette Convention dont la mise en œuvre relève de l'action législative du pouvoir législatif fédéral, les obligations du Gouvernement fédéral seront, dans cette mesure, les mêmes que celles des Parties qui ne sont pas des Etats fédératifs ;
- b) En ce qui concerne les articles de cette Convention dont l'application relève de l'action législative de chacun des états, provinces ou cantons constituants, qui ne sont pas, en vertu du système constitutionnel de la fédération, tenus de prendre des mesures législatives, le Gouvernement fédéral portera le plus tôt possible, et avec son avis favorable, lesdits articles à la connaissance des autorités compétentes des états, provinces ou cantons.
- c) Un Etat fédératif Partie à cette Convention communiquera, à la demande de tout autre Etat Contractant qui lui aura été transmise par le Secrétaire général des Nations Unies, un exposé de la législation et des pratiques en vigueur dans la Fédération et ses unités constituantes en ce qui concerne telle ou telle disposition de la Convention, indiquant la mesure dans laquelle effet a été donné, par une action législative ou autre, à ladite disposition

Article 42

RÉSERVES

1. Au moment de la signature, de la ratification ou de l'adhésion, tout Etat pourra formuler des réserves aux articles de la Convention autres que les articles 1, 3, 4, 16 (1), 33, 36 à 46 inclus.
2. Tout Etat Contractant ayant formulé une réserve conformément au para graphe 1 de cet article pourra à tout moment la retirer par une communication à cet effet adressée au Secrétaire général des Nations Unies.

Article 43

ENTRÉE EN VIGUEUR

1. Cette Convention entrera en vigueur le quatre-vingt-dixième jour qui suivra la date du dépôt du sixième instrument de ratification ou d'adhésion.
2. Pour chacun des Etats qui ratifieront la Convention ou y adhéreront après le dépôt du sixième instrument de ratification ou d'adhésion, elle entrera en vigueur le quatre-vingt-dixième jour qui suivra la date du dépôt par cet Etat de son instrument de ratification ou d'adhésion.

Article 44

DÉNONCIATION

1. Tout Etat Contractant pourra dénoncer la Convention à tout moment par notification adressée au Secrétaire général des Nations Unies.
2. La dénonciation prendra effet pour l'Etat intéressé un an après la date à laquelle elle aura été reçue par le Secrétaire général des Nations Unies.
3. Tout Etat qui a fait une déclaration ou une notification conformément à l'article 40 pourra notifier ultérieurement au Secrétaire général des Nations Unies que la Convention cessera de s'appliquer à tout territoire désigné dans la notification. La Convention cessera alors de s'appliquer au territoire en question un an après la date à laquelle le Secrétaire général aura reçu cette notification.

Ingingo ya 42

IBIBANGIRWAKO.

1. Mu gihe co gushirako umukono, co kwemeza canke co kwinjira muri aya masezerano, igihugu ico arico cose kizoshobora kumenyesha ivyo kibangiriyeko ku ingingo z'aya masezerano kiretse ingingo ya 1, iya 3, iya 4, iya 16(1), iya 33, kuva ku ya 36 gushika ku ya 46 na yo nyene irimwo.
2. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizoba catanze ivyo kibangiriyeko cिसunze agahimba ka 1 k'iyi ingingo kizoshobora kwisubirako mu gihe ico arico cose kibicishije mu rwandiko rubimenyesha Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

Ingingo ya 43

ISHIRWA MU NGIRO.

1. Aya masezerano azotangura gushirwa mu ngiro umunsi ugira mirongo icenda ukurikira umunsi igihugu kigira gatandatu kizoshikirizako ibwirizwa rijanye n'ukwemeza canke kwinjira muri aya masezerano.
2. Ku gihugu cose kizokwemeza ayo masezerano canke kizoyinjiramo hamaze gutangwa ibwirizwa rigira gatandatu ryo kuyemeza canke kuyinjiramo, aya masezerano azotangura gushirwa mu ngiro ku munsi ugira mirongo icenda ukurikira umunsi ico gihugu kizoba catangiyeko ibwirizwa ryo kuyemeza canke ryo kuyinjiramo.

Ingingo ya 44

UKUVA MU MASEZERANO.

1. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizoshobora kuyavamwo mu gihe ico arico cose kibicishije mu rwandiko rushikirizwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.
2. Ku gihugu vyerekeye, ukuva muri aya masezerano bizotangura kugira inkurikizi haheze umwaka kuva kw'igenekerezo Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azoba yabimenyesherejweko.
3. Igihugu ico ari co cose gishikirije itangazo canke urwandiko hisunzwe ingingo ya 40, kizoshobora mu nyuma kumenyesha Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ko aya masezerano azohagarikwa gukurikizwa mu karere kavuzwe muri urwo rwandiko. Amasezerano azohagarikwa gukurikizwa muri ako karere kavugwa haciye umwaka umwe inyuma y'igenekerezo Umunyamabanga Mukuru azoba yashikirijweko urwo rwandiko.

Ingingo ya 45
ISUBIRWAMWO.

1. Igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano, mu gihe ico ari co cose, kizoshobora, kibimenyeshye biciye mu rwandiko rurungikirwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, gusaba ko aya masezerano asubirwamwo.
2. Inama ya bose y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU izotanga ingingo zitegerezwa gukurikizwa ku vyasabwe mu gihe bikenewe.

Ingingo ya 46
**IBIMENYESHWA N'UMUNYAMABANGA MUKURU W'ISHIRAHAMWE
MPUZAMAKUNGU ONU.**

Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azomenyeshya ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu hamwe n'ibihugu bitari muri ryo bivugwa mu ngingo ya 39 ibi bikurikira:

- a) Amatangazo n'ibimenyeshwa bivugwa mu gace B k'ingingo ya mbere;
- b) Ibihugu vyashizeko imikono ku masezerano, ivyayemeje n'ivyasavye kwinjira muri yo nk'uko biri mu ngingo ya 39;
- c) Amatangazo n'ibimenyeshwa bivugwa mu ngingo ya 40;
- d) Ivyabangiriweko canke ivyari bibangiriweko vyahebwe biri mu ngingo ya 42;
- e) Igenekerezo aya masezerano azotangurirako gushirwa mu ngiro hisunzwe ingingo ya 43;
- f) Ukuva mu masezerano n'ibimenyeshwa bitegekanijwe n'ingingo ya 44;
- g) Ugusaba kw'amasezerano asubirwamwo nk'uko biri mu ngingo ya 45.

KUBERA IVYO, aya masezerano ashizweko umukono n'ababifitiye ububasha biciye mu mategeko kw'izina rya Reta baserukiye.

BIGIRIWE I Geneve kw'igenekerezo rya mirongo 28 Mukakaro umwaka w'igihumbi kimwe n'amajana icenda na mirongo itanu na rimwe mu rwandiko rw'imvaho rumwe gusa, ivyanditswe mu rurimi rw'icongereza n'urw'igifaransa bikaba vyemewe kumwe, urworwandiko birimwo rukazoshirwa mu bushinguro bw'inwandiko bwo mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, amimuriro yazo abanje kwemezwa ko ahuye n'urwandiko rw'imvaho agahabwa ibihugu vyose biri mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU n'ibihugu bitari muri ryo bivugwa mu ngingo ya 39.

Article 45
REVISION

1. Tout Etat Contractant pourra en tout temps, par voie de notification adressée au Secrétaire général des Nations Unies, demander la révision de cette Convention.
2. L'Assemblée générale des Nations Unies recommandera les mesures à prendre, le cas échéant, au sujet de cette demande.

Article 46
NOTIFICATIONS PAR LE SECRÉTAIRE GÉNÉRAL DES NATIONS UNIES

Le Secrétaire général des Nations Unies notifiera à tous les Etats Membres des Nations Unies et aux Etats non membres visés à l'article 39 :

- a) Les déclarations et les notifications visées à la section B de l'article premier ;
- b) Les signatures, ratifications et adhésions visées à l'article 39 ;
- c) Les déclarations et les notifications visées à l'article 40 ;
- d) Les réserves formulées ou retirées visées à l'article 42 ;
- e) La date à laquelle cette Convention entrera en vigueur, en application de l'article 43 ;
- f) Les dénonciations et les notifications visées à l'article 44 ;
- g) Les demandes de révision visées à l'article 45.

EN FOI DE QUOI, les soussignés, dûment autorisés, ont signé, au nom de leurs Gouvernements respectifs, la présente Convention,

FAIT à Genève, le 28 juillet mil neuf cent cinquante et un, en un seul exemplaire dont les textes anglais et français font également foi et qui sera déposé dans les archives de l'Organisation des Nations Unies et dont les copies certifiées conformes seront remises à tous les Etats Membres des Nations Unies et aux Etats non membres visés à l'article 39.

ANNEXES

Paragraphe 1

1. Le titre de voyage visé par l'article 28 de cette Convention sera conforme au modèle joint en annexe.
2. Ce titre sera rédigé en deux langues au moins : l'une des deux sera la langue anglaise ou la langue française.

Paragraphe 2

Sous réserve des règlements du pays de délivrance, les enfants pourront être mentionnés dans le titre d'un parent, ou, dans des circonstances exceptionnelles, d'un autre réfugié adulte.

Paragraphe 3

Les droits à percevoir pour la délivrance du titre ne dépasseront pas le tarif le plus bas appliqué aux passeports nationaux.

Paragraphe 4

Sous réserve de cas spéciaux ou exceptionnels, le titre sera délivré pour le plus grand nombre possible de pays.

Paragraphe 5

La durée de validité du titre sera d'une année ou de deux années, au choix de l'autorité qui le délivre.

Paragraphe 6

1. Le renouvellement ou la prolongation de validité du titre est du ressort de l'autorité qui l'a délivré, aussi longtemps que le titulaire ne s'est pas établi régulièrement dans un autre territoire et réside régulièrement sur le territoire de ladite autorité. L'établissement d'un nouveau titre est, dans les mêmes conditions, du ressort de l'autorité qui a délivré l'ancien titre.
2. Les représentants diplomatiques ou consulaires, spécialement habilités à cet effet, auront qualité pour prolonger, pour une période qui ne dépassera pas six mois, la validité des titres de voyage délivrés par leurs gouvernements respectifs.

IMPEREKEZA

Agahimba ka 1

1. Urupapuro rw'inzira ruvugwa mu ngingo ya 28 y'aya masezerano ruzoba rusa n'urupapuro rw'akarorero ruri mu mperekeza z'aya masezerano.
2. Urwo rupapuro rw'inzira ruzokwandikwa n'imiburiburi mu ndimi zibiri: rumwe muri izo ndimi ruzoba ari ururimi rw'icongereza canke urw'igifaransa.

Agahimba ka 2

Hatirengagijwe ibitegekwa n'igihugu kirutanga, abana bashobora kwandikwa ku rupapuro rw'umuvyeyi canke mu bihe bidasanze ku rw'iyindi mpunzi ikuze.

Agahimba ka 3

Amafaranga atozwa mu gutanga urupapuro rw'inzira ntazorenza igiciro gito gishoboka gitangwa ku bitabu vy'inzira bihabwa abenegihugu.

Agahimba ka 4

Hatirengagijwe ibituma vyiharijwe canke bidasanze, urupapuro rw'inzira rwotanga uburenganzira bwo kuja mu bihugu vyinshi bishoboka.

Agahimba ka 5

Urupapuro rw'inzira ruzomara ikiringo c'umwaka umwe canke ibiri bivuye ku butegetsi burutanga.

Agahimba ka 6

1. Ububasha bwo gutanga urundi rupapuro rw'inzira canke bwo kwongerereza ikiringo bufiswe n'ubutegetsi bwatanze urwo rupapuro igihe cose nyenerwo atimukiye mu kindi gihugu biciye mu mategeko kandi akaba asanzwe aba mu gihugu c'ubwo butegetsi biciye mu mategeko. Urupapuro rw'inzira rushasha rutangwa hakurikijwe ivyari vyasabwe n'ubutegetsi bwari bwatanze urwa mbere.
2. Abaserukira ibihugu vyabo na canecane ababifitiye ububasha bafise burenganzira bwo kwongereza ikiringo kitarenga amezi atandatu ku mpapuro z'inzira zatanzwe n'ibihugu vyabo.

3. Ibihugu vyemeje amasezerano bizokwihweza vyisunze ineza yabo uburyo vyosubira gutanga izindi mpapuro z'inzira canke bikongereza ikiringo mpapuro z'inzira zatanzwe zimara canke bigaha mpapuro z'inzira nshasha impunzi zitakiba muri ivyo bihugu biciye mu mategeko mu gihe izo mpunzi zidashobora kuronswa mpapuro z'inzira mu bihugu zisanzwe ziba mwo biciye mu mategeko.

Agahimba ka 7

Ibihugu vyemeje aya amasezerano bizofata ko mpapuro z'inzira zatanzwe hisunzwe ingingo ya 28 y'aya masezerano ari iz'ukuri.

Agahimba ka 8

Abategetsi b'ibihugu impunzi zipfuzwa kujamwo babifitiye ububasha, igihe bavyemeye, bazoshira k'urupapuro rw'inzira iyo mpunzi ifise ikimungu c'uruhusha rw'ukwinjira mu gihugu, igihe coba gikenewe.

Agahimba ka 9

1. Ibihugu vyemeje amasezerano vyishinze guha impusha zo kurengana impunzi zifise uruhusha rw'igihugu zigiyeye kubamwo.

2. Urwo ruhusha ruzashobora kudatangwa biturutse ku mvo zituma umunyamahanga uwo ari we wese ataruronswa.

Agahimba ka 10

Amafaranga atozwa mu gutanga impusha zo gusohoka, kwinjira canke kurengana ntazorenza igiciro gito gishoboka gitangwa ku mpusha zishirwa mu bitabu vy'inzira vy'abanyamahanga.

Agahimba ka 11

ku vyerekeye impunzi yahinduye aho yaba ikaja, biciye mu mategeko, kuba mu karere k'ikindi gihugu cemeje aya masezerano, ububasha bwo gutanga mpapuro zishasha bufiswe kuva icyo gihe n'ubutegetsi bw'ako karere impunzi ifise uburenganzira bwo kubisaba, hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 28.

Agahimba ka 12

Ubutegetsi butanze urupapuro rw'inzira rushasha butegerezwa kwaka urupapuro rw'inzira rwahahora bukarusubiza igihugu cari carutanze igihe urwo rupapuro rwa kera rutomora ko rutegerezwa gusubizwa igihugu carutanze; atari aho, ubutegetsi butanze urupapuro rw'inzira rushasha buzokwaka urwahahora buce burugira impfagusa.

3. Les Etats Contractants examineront avec bienveillance la possibilité de renouveler ou de prolonger la validité des titres de voyage ou d'en délivrer de nouveaux à des réfugiés qui ne sont plus des résidents réguliers dans leur territoire dans les cas où ces réfugiés ne sont pas en mesure d'obtenir un titre de voyage du pays de leur résidence régulière.

Paragraphe 7

Les Etats Contractants reconnaîtront la validité des titres délivrés conformément aux dispositions de l'article 28 de cette Convention.

Paragraphe 8

Les autorités compétentes du pays dans lequel le réfugié désire se rendre apposeront, si elles sont disposées à l'admettre, un visa sur le titre dont il est détenteur, si un tel visa est nécessaire.

Paragraphe 9

1. Les Etats Contractants s'engagent à délivrer des visas de transit aux réfugiés ayant obtenu le visa d'un territoire de destination finale.

2. La délivrance de ce visa pourra être refusée pour les motifs pouvant justifier le refus de visa à tout étranger.

Paragraphe 10

Les droits afférents à la délivrance de visas de sortie, d'admission ou de transit ne dépasseront pas le tarif le plus bas appliqué aux visas de passeports étrangers.

Paragraphe 11

Dans le cas d'un réfugié changeant de résidence et s'établissant régulièrement dans le territoire d'un autre Etat Contractant, la responsabilité de délivrer un nouveau titre incombera désormais, aux termes et aux conditions de l'article 28, à l'autorité compétente dudit territoire, à laquelle le réfugié aura le droit de présenter sa demande.

Paragraphe 12

L'autorité qui délivre un nouveau titre est tenue de retirer l'ancien titre et d'en faire retour au pays qui l'a délivré si l'ancien document spécifie qu'il doit être retourné au pays qui l'a délivré ; en cas contraire, l'autorité qui délivre le titre nouveau retirera et annulera l'ancien.

Paragraphe 13

1. Chacun des Etats Contractants s'engage à permettre au titulaire d'un titre de voyage qui lui aura été délivré par ledit Etat en application de l'article 28 de cette Convention, de revenir sur son territoire à n'importe quel moment pendant la période de validité de ce titre.

2. Sous réserve des dispositions de l'alinéa précédent, un Etat Contractant peut exiger que le titulaire de ce titre se soumette à toutes les formalités qui peuvent être imposées à ceux qui sortent du pays ou à ceux qui y rentrent.

3. Les Etats Contractants se réservent la faculté, dans des cas exceptionnels, ou dans les cas où le permis de séjour du réfugié est valable pour une période déterminée, de limiter, au moment de la délivrance dudit titre, la période: pendant laquelle le réfugié pourra rentrer, cette période ne pouvant être inférieure à trois mois.

Paragraphe 14

Sous la seule réserve des stipulations du paragraphe 13, les dispositions de la présente annexe n'affectent en rien les lois et règlements régissant, dans les territoires des Etats Contractants, les conditions d'admission, de transit, de séjour, d'établissement et de sortie.

Paragraphe 15

La délivrance du titre, pas plus que les mentions y apposées, ne déterminent ni n'affectent le statut du détenteur, notamment en ce qui concerne la nationalité.

Paragraphe 16

La délivrance du titre ne donne au détenteur aucun droit à la protection des représentants diplomatiques et consulaires du pays de délivrance, et ne confère pas à ces représentants un droit de protection.

Agahimba ka 13

1. Igihugu cose kiri mu vyemeje aya masezerano cishinze kwemerera uwufise urupapuro rw'inzira camuhaye hakurikijwe ingingo ya 28 y'aya masezerano, kugaruka muri ico gihugu umwanya uwo ari wo wose mu kiringo urwo rupapuro ruzomara.

2. Hatirengagijwe ibitegekaniywe mu gahimba ka 1, igihugu cemeje aya masezerano gishobora gutegeka nyene urupapuro rw'inzira gukurikiza ibishobora gusabwa vyose abasohoka canke abinjira mu gihugu.

3. Ibihugu vyemeje aya masezerano biragumana ubushobozi, mu bihe bidasanze canke mu bihe uruhusha rwo kuba mu gihugu rwahawe impunzi rufise ikiringo kinaka, bwo kugabanya ikiringo impunzi izoshobora gutahirako igihe hatanzwe urwo rupapuro rw'inzira, ico kiringo na co kikaba kidashobora kuba muni y'amezi atatu.

Agahimba ka 14

Hatirengagijwe gusa ibitegekaniywe mu gahimba ka 13, ibitegekaniywe muri iyi mperekeza ntivyerekeye amabwirizwa n'amategeko agenga ibisabwa mu kwinjira mu turere tw'ibihugu vyemeje aya masezerano, kurengana, kuhamara iminsi, kuhagerera no kuhasohoka.

Agahimba ka 15

Ugutanga urupapuro rw'inzira ndetse n'ibirwanditsewo ntibituma canke ngo bigire ico bihindura ku biranga uwurufise; nko ku vyerekeye ubwengegihugu.

Agahimba ka 16

Ugutanga urupapuro rw'inzira ntibituma uwuruhawe aronka uburengazira bwo gukingirwa n'abaserukira igihugu carutanze kandi ntibiha abaserukira igihugu uburenganzira bwo kumukingira.

IMPEREKEZA

AKARORERO K'URUPAPURO RW'INZIRA

Urupapuro rw'inzira rumeze nk'agatabu gatoyi (kababa cm15 kuri cm10).

Bisabwe ko ako gatabu kandikwa ku buryo ivyafutanganijwe canke ibihinduwe hakoreshejwe imiti yo gufuta yahinguwe canke ibindi, vyoboneka bitagoranye kandi amajambo “ Amasezerano yo kw'igenekerezo rya 28 mukakaro 1951” akandikwa mu buryo bwisubiriza ku ruhande rumwe rumwe rw'urupapuro mu rurimi rw'igihugu catanze urwo rupapuro rw'inzira.

(Ku gipfukisho c'agatabu)

IGITABU C'INZIRA

(Amasezerano yo ku wa 28 Mukakaro 1951)

Inomero.....

(1)

IGITABU C'INZIRA

(Amasezerano yo ku wa 28 Mukakaro 1951)

Iki gitabu kizota igihe ku wa.....

kiretse hongewe ikindi kiringo.

Izina.....

Iritazirano (amatazirano)

Aherekejwe na..... umwana (abana)

1. Iki gitabu gitanzwe gusa kugira nyeneco aronke urupapuro rw'inzira rushobora gukoreshwa nk'igitabu c'inzira c'umwenegihugu.

Nticerekana ubwenegihugu bwa nyeneco kandi nta nkurikizi kigira kuri bwo.

2. Nyene igitabu c'inzira ararekuriwe gusubira mu(kwerekana ubutegetsi bw'igihugu catanze ico gitabu c'inzira) gushika..... kiretse handitswe irindi genekerezo (ikiringo nyene igitabu c'inzira arekuriwe kugaruka mwo nticoba muni y'amezi atatu).

3. Igihe nyene igitabu c'inzira agiye kuba mu kindi gihugu atari icagitanze ashatse kuja ahandi ategerezwa gusaba igitabu c'inzira gishasha ubutegetsi bw'igihugu abamwo (igitabu c'inzira yahorana gica gishikirizwa ubutegetsi bumuhaye gishasha kugira bukirungikire ubutegetsi bwari bwakimuhaye).

ANNEXE

MODÈLE DU TITRE DE VOYAGE

Le titre aura la forme d'un carnet (15 cm x 10 cm Environ).

Il est recommandé qu'il soit imprimé de telle façon que les ratures ou altérations par des moyens chimiques ou autres puissent se remarquer facilement, et que les mots « Convention du 28 juillet 1951 » soient imprimés en répétition continue sur chacune des pages, dans la langue du pays qui délivre le titre.

(Couverture du carnet)

TITRE DE VOYAGE

(Convention du 28 juillet 1951)

N°

(1)

TITRE DE VOYAGE

(Convention du 28 juillet 1951)

Ce document expire le

sauf prorogation de validité.

Nom

Prénom(s)

Accompagné de enfant(s).

1. Ce titre est délivré uniquement en vue de fournir au titulaire un document de voyage pouvant tenir lieu de passeport national. Il ne préjuge pas de la nationalité du titulaire et est sans effet sur celle-ci.

2. Le titulaire est autorisé à retourner en

[Indication du pays dont les autorités délivrent le titre] jusqu'au

.....Sauf mention ci-après d'une date ultérieure. [La période pendant laquelle le titulaire est autorisé à retourner ne doit pas être inférieure à trois mois].

3. En cas d'établissement dans un autre pays que celui où le présent titre a été délivré, le titulaire doit, s'il veut se déplacer à nouveau, faire la demande d'un nouveau titre aux autorités compétentes du pays de sa résidence. [L'ancien titre de voyage sera remis à l'autorité qui délivre le nouveau titre pour être renvoyé à l'autorité qui l'a délivré.] /

(1)La phrase entre crochets peut être insérée par les gouvernements qui le désirent.

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(2)

Lieu et date de naissance
Profession
Résidence actuelle
*Nom (avant le mariage) et prénom(s) de l'épouse.....
.....
*Nom et prénom(s) du mari

Signalement

Taille
Cheveux
Couleur des yeux.....
Nez
Forme du visage.....
Teint
Signes particuliers.....

Enfants accompagnant le titulaire

Nom	Prénom(s)	Lieu et date de naissance	Sexe
.....
.....
.....

*Biffer la mention inutile.

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(3)

Photographie du titulaire et cachet de l'autorité qui délivre le titre
Empreintes digitales du titulaire (facultatif)

Signature du titulaire

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

29

(Ico gitabu kigizwe n'impapuro..... hatarimwo igipfukisho)

(2)

Aho yavukiye n'igenekerezo yavukiye ko.....
Ico akora.....
Aho aba ubu.....
Izina (imbere yo kwabirana) n'iritazirano (amatazirano) vy'umugore
.....
Izina n'iritazirano (amatazirano) vy'umugabo.....

Ibimuranga

Uburebure.....
Imishatsi.....
Uko amaso asa.....
Izuru.....
Uko mu maso hiwe hameze.....
Uko asa.....
Ibimenyetso yisangije.....

Abana baherekeje nyene igitabu

Izina	Iritazirano (amatazirano)	Aho bavukiye n'igenekerezo ry'amavuka	Igitsina
.....
.....
.....

*Gucishako akarongo mu vyanditse bidakenewe

(Iki gitabu kigizwe n'impapuro..... hatarimwo igipfukisho)

(3)

Ishusho rya nyene igitabu c'inzira n'ikimangu c'ubutegetsi bwagitanze
Ibikumu vya nyene igitabu c'inzira (igihe bikenewe)

Umukono wa nyene igitabu c'inzira.....

(Iki gitabu kigizwe n'impapuro..... hatarimwo igipfukisho)

29

(4)

1. Iki gitabu c'inzira gitanzwe kugira gikoreshwe mu bihugu bikurikira.....

 2. Urupapuro canke impapuro zerekanwa mu gutanga ico gitabu

 Gitangiwe i.....
 Ku wa.....

Umukono n'ikimangu
c'ubutegetsi bugitanze

Amafaranga atozwa:

(Iki gitabu kigizwe n'impapuro.....hatarimwo igipfukisho)

(5)

Ukwongerereza ikiringo igitabu c'inzira

- Amafaranga atozwa kuva ku wa.....
 gushika ku wa.....
 Bigiriwe i.....Ku wa.....

Umukono n'ikimangu c'ubutegetsi
bwongerereje ikiringo igitabu :

Ukwongerereza ikiringo igitabu c'inzira

- Amafaranga atozwa kuva ku wa.....
 gushika ku wa.....
 Bigiriwe i.....Ku wa.....

Umukono n'ikimangu c'ubutegetsi
bwongerereje ikiringo igitabu :

(iki gitabu kigizwe n'impapuro.....hatarimwo igipfukisho)

(4)

1. Ce titre est délivré pour les pays suivants :.....

 2. Document ou documents sur la base duquel ou desquels le présent titre est
 délivré :.....

Délivré à
Date

Signature et cachet de l'autorité
Qui délivre le titre :

Taxe perçue :

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(5)

Prorogation de validité

- Taxe perçue : du
 au
 Fait àle

Signature et cachet de l'autorité
qui proroge la validité du titre :

Prorogation de validité

- Taxe perçue : du
 au
 Fait àle

Signature et cachet de l'autorité
Qui proroge la validité du titre :

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(6)

Prorogation de validité

Taxe perçue : du
au
Fait àle

Signature et cachet de l'autorité
qui proroge la validité du titre :

Prorogation de validité

Taxe perçue : du
au
Fait àle

Signature et cachet de l'autorité
Qui proroge la validité du titre :

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(7-32)

Visas

Reproduire dans chaque visa le nom du titulaire

(Ce titre contient ... pages, non compris la couverture.)

(6)

Ukwongerereza ikiringo igitabu c'inzira

Amafaranga atozwa Kuva ku wa.....
gushika ku wa.....
Bigiriwe i.....Ku wa.....

Umukono n'ikimangu c'ubutegetsu
bwongerereje ikiringo igitabu :

Ukwongerereza ikiringo igitabu c'inzira

Amafaranga atozwa kuva ku wa.....
gushika ku wa.....
Bigiriwe i.....Ku wa.....

Umukono n'ikimangu c'ubutegetsu bwongerereje ikiringo igitabu :

(iki gitabu kigizwe n'impapuro.....hatarimwo igipfukisho)

(7-32)

Ikimangu gitanga uruhusha rwo kwinjira mu gihugu

Kwandika izina rya nyene igitabu ku ruhusha rwose rutanzwe.

(iki gitabu kigizwe n'impapuro.....hatarimwo igipfukisho)

AMASEZERANO YUNGANIRA AMATEGEKO AGENGA IMPUNZI

Ibihugu vyemeje aya masezerano,

Vyihweje amasezerano yerekeye impunzi yatewe ko igikumu I Geneve igenekerezo rya 28 mukakaro 1951 (yiswe Amasezerano) akurikizwa gusa ku bantu babaye impunzi biturutse ku vyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 Nzero 1951,

Vyihweje ko iyindi mirwi y'impunzi yavutse kuva amasezerano yemejwe kandi kubw'ivyo nyene izo mpunzi zidashobora kwemererwa gukingirwa n'aya masezerano,

Vyihweje ko vyoba vyiza ayo mategeko akurikijwe ku mpunzi zose nk'uko biri mu nsiguro yatanzwe muri aya masezerano hadafatiwe kw'igenekerezo ntabanduka ryo ku wa 1 Nzero 1951,

VYEMERANIJE ibi bikurikira:

Ingingo ya I

INGINGO NGENDERWAKO

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano vyishinze kuyakurikiza ku mpunzi nk' uko bitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 2 gushika ku ya 34 ziri mu masezerano agenga impunzi.
2. Mu ntumbero y'ayo masezerano, ijambo "impunzi" kiretse ivyerekeye ikurikizwa ry'agahimba ka 3 k'iyi ngingo, rifatwa ko ari umuntu uwo ari we wese arangwa n'insiguro yatanzwe mu ngingo ya 1 y'amasezerano agenga impunzi nk'uko amajambo "biturutse ku vyabaye imbere y'igenekerezo rya 1 Nzero 1951 na....." hamwe n'amajambo ".....biturutse kuri ivyo vyabaye nyene" bitari mu gahimba ka 2 k'agace Ak'ingingo ya 1.
3. Aya masezerano azokurikizwa n'ibihugu vyayemeje ata kuyadohoka gufatiye ku turere; ariko ibiza vyarashikirijwe n'ibihugu hisunzwe akarongo a k'agahimba ka 1 ko mu gace B k'ingingo ya 1 y'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi bizokurikizwa n'ibihugu no kuri aya masezerano yunganira kiretse igihe ibitegerejwe igihugu cabishikirije vyoba vyariyongereye nk'uko bitegekanijwe mu gahimba ka 2 ka gace B k'ingingo ya 1 y'amasezerano agenga impunzi.

PROTOCOLE RELATIF AU STATUT DES RÉFUGIÉS.

Les Etats parties au présent Protocole,

Considérant que la Convention relative au statut des réfugiés signée à Genève le 28 juillet 1951 2 (ci-après dénommée la Convention) ne s'applique qu'aux personnes qui sont devenues réfugiées par suite d'événements survenus avant le 1er janvier 1951,

Considérant que de nouvelles catégories de réfugiés sont apparues depuis que la Convention a été adoptée et que, de ce fait, lesdits réfugiés peuvent ne pas être admis au bénéfice de la Convention,

Considérant qu'il est souhaitable que le même statut s'applique à tous les réfugiés couverts par la définition donnée dans la Convention sans qu'il soit tenu compte de la date limite du 1^{er} janvier 1951,

Sont convenus de ce qui suit :

Article premier

DISPOSITION GÉNÉRALE

1. Les Etats parties au présent Protocole s'engagent à appliquer aux réfugiés, tels qu'ils sont définis ci-après, les articles 2 à 34 inclus de la Convention.
2. Aux fins du présent Protocole, le terme « réfugié », sauf en ce qui concerne l'application du paragraphe 3 du présent article, s'entend de toute personne répondant à la définition donnée à l'article premier de la Convention comme si les mots « par suite d'événements survenus avant le 1er janvier 1951 et... » et les mots «... à la suite de tels événements » ne figuraient pas au paragraphe 2 de la section A de l'article premier.
3. Le présent Protocole sera appliqué par les Etats qui y sont parties sans aucune limitation géographique; toutefois, les déclarations déjà faites, en vertu de l'alinéa a du paragraphe 1 de la section B de l'article premier de la Convention par des Etats déjà parties à celle-ci, s'appliqueront aussi sous le régime du présent Protocole, à moins que les obligations de l'Etat déclarant n'aient été étendues conformément au paragraphe 2 de la section B de l'article premier de la Convention.

Article II

COOPÉRATION DES AUTORITÉS NATIONALES AVEC LES NATIONS UNIES

1. Les Etats parties au présent Protocole s'engagent à coopérer avec le Haut Commissariat des Nations Unies pour les réfugiés ou toute autre institution des Nations Unies qui lui succéderait, dans l'exercice de ses fonctions et, en particulier, à faciliter sa tâche de surveillance de l'application des dispositions du présent Protocole.

2. Afin de permettre au Haut Commissariat ou à toute autre institution des Nations Unies qui lui succéderait de présenter des rapports aux organes compétents des Nations Unies, les Etats parties au présent Protocole s'engagent à leur fournir, dans la forme appropriée, les informations et les statistiques demandées relatives :

- a) Au statut des réfugiés ;
- b) A la mise en œuvre du présent Protocole ;
- c) Aux lois, règlements et décrets qui sont ou entreront en vigueur en ce qui concerne les réfugiés.

Article III

RENSEIGNEMENTS

PORTANT SUR LES LOIS ET RÈGLEMENTS NATIONAUX

Les États parties au présent Protocole communiqueront au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies le texte des lois et des règlements qu'ils pourront promulguer pour assurer l'application du présent Protocole.

Article IV

RÈGLEMENT DES DIFFÉRENDS

Tout différend entre les parties au présent Protocole relatif à son interprétation et à son application, qui n'aurait pu être réglé par d'autres moyens, sera soumis à la Cour internationale de Justice à la demande de l'une des parties au différend.

Ingingo ya II

**UGUFASHANYA KW'ABATEGETSI B'IBIHUGU N'ISHIRAHAMWE
MPUZAMAKUNGU ONU.**

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano vyiyemeje gufashanya n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ryitaho impunzi canke ikindi gisata cose c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU corisubirira mu kurangura imirimo rijejwe na canecane ijambo rimwe mu kuryorohera umurimo wo gucungera ishira mu ngiro ry'ibitegekaniye n'aya masezerano.

2. Kugira bafashe Ishirahamwe Mpuzamakungu ryitaho impunzi canke ikindi gisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU corisubirira mugushikiriza ivyegeranyo ibisata bigize Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, ibihugu vyemeje aya masezerano vyiyemeje kubishikiriza mu buryo bubereye inkuru n'ivyatororokaniye vyasabwe vyerekeye ibi bikurikira:

- a) Amategeko agenga impunzi;
- b) Ishirwa mu ngiro ry'aya masezerano;
- c) Amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa canke azoshirwa mu ngiro Mu bijanye n'impunzi.

Ingingo ya III

IBIMENYESHA KU MABWIRIZWA N'AMATEGEKO Y'IGIHUGU.

Ibihugu vyemeje aya masezerano bizomenyeshya Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU amabwirizwa n'amategeko bizoshobora gushiraho kugira bishire mu ngiro aya masezerano.

Ingingo ya IV

UGUTATURA AMATATI

Amatati ayo ari yo yose yadutse hagati y'abemeje aya masezerano ku bijanye n'uburyo asigurwa canke ashirwa mu ngiro adashoye gutorerwa umuti mu bundi buryo azoshikirizwa Sentare Mpuzamakungu ibisabwe n'igihugu kimwe mu vyatase.

Ingingo ya V

UKWEMERA AMASEZERANO

Ibihugu vyose vyemeje amasezerano agenga impunzi, igihugu ico ari co cose gihurikiye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU hamwe n'ikindi kitari muri iryo shirahamwe kizoba catumiwe mu nama y'abaserukira ibihugu yerekeye akaranga k'impunzi n'abagira ubwenegihugu canke igihugu ico ari co cose inama ya bose izoba yatumiye kuja kuyemera kirarekuriwe kugengwa n'aya masezerano. Aya masezerano azotegerezwa kwemerwa kandi amategeko ayemeza azorungikwa ku biro vy'Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

Ingingo ya VI

INGINGO ZEREKEYE RETA ZUNZE UBUMWE.

Mu gihe Reta zunze ubumwe canke Reta zunze ubumwe ariko igihugu kimwe kimwe cigenga, ibitegekanijwe bikurikira bizoshirwa mu ngiro:

- a) Ku vyerekeye ingingo z'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi asabwa gushirwa mu ngiro biciye mu rwego nshingamategeko rwa Reta zunze ubumwe, ibitegerejwe bizoba ari bimwe n'ibizosabwa ibindi bihugu bitari muri Reta zunze ubumwe.
- b) Ku vyerekeye ingingo z'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi zisabwa gushirwa mu ngiro hisunzwe agahimba ka 1 k'ingingo ya 1 y'aya masezerano biciye mu rwego nshingamategeko rw'igihugu kimwe kimwe, intara canke uturere tugize igihugu bidategerezwa gushinga amabwirizwa yo mu rwego nshingamategeko hisunzwe ibwirizwa nshingiro rya Reta zunze ubumwe, ari na zo zizomenyeshya mu maguru masha izo ngingo hamwe n'icyumviro cazo co kuzishigikira, abategetsi babijejwe ba Reta, b'intara canke b'uturere.
- c) Igihugu kimwe kiri muri Reta zunze ubumwe cemeje aya masezerano, kibisabwe n'ikindi gihugu cemeje aya masezerano kizomenyeshya, kibicishije ku Munyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, icegeranyo c'amategeko n'ibisanzwe bikurikizwa muri Reta zunze ubumwe n'ibihugu bizigize kuvyerekeye ingingo imwe canke iyindi y'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi azokurikizwa hisunzwe agahimba ka 1 k'ingingo ya 1 y'aya

Article V

ADHÉSION

Le présent Protocole sera ouvert à l'adhésion de tous les Etats parties à la Convention et de tout autre Etat Membre de l'Organisation des Nations Unies ou membre de l'une des institutions spécialisées ou de tout Etat auquel l'Assemblée générale aura adressé une invitation à adhérer au Protocole. L'adhésion se fera par le dépôt d'un instrument d'adhésion auprès du Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.

Article VI

CLAUSE FÉDÉRALE

Dans le cas d'un état fédératif ou non unitaire, les dispositions ci-après s'appliqueront :

- a) En ce qui concerne les articles de la Convention à appliquer conformément au paragraphe 1 de l'article premier du présent Protocole et dont la mise en œuvre relève de l'action législative du pouvoir législatif fédéral, les obligations du gouvernement fédéral seront, dans cette mesure, les mêmes que celles des Etats parties qui ne sont pas des Etats fédératifs;
- b) En ce qui concerne les articles de la Convention à appliquer conformément au paragraphe 1 de l'article premier du présent Protocole et dont l'application relève de l'action législative de chacun des Etats, provinces ou cantons constituants, qui ne sont pas, en vertu du système constitutionnel de la fédération, tenus de prendre des mesures législatives, le gouvernement fédéral portera le plus tôt possible, et avec son avis favorable, lesdits articles à la connaissance des autorités compétentes des Etats, provinces ou cantons ;
- c) Un Etat fédératif partie au présent Protocole communiquera, à la demande de tout autre Etat partie au présent Protocole qui lui aura été transmise par le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies, un exposé de la législation et des pratiques en vigueur dans la fédération et ses unités constituantes en ce qui concerne telle ou telle disposition de la Convention à appliquer conformément au paragraphe 1 de l'article premier du présent Protocole, indiquant la mesure dans laquelle effet a été donné, par son action législative ou autre, à ladite disposition.

Article VII
RÉSERVES ET DÉCLARATIONS

1. Au moment de son adhésion, tout Etat pourra formuler des réserves sur l'article IV du présent Protocole, et au sujet de l'application, en vertu de l'article premier du présent Protocole, de toutes dispositions de la Convention autres que celles des articles premier, 3, 4, 16 (1) et 33, à condition que, dans le cas d'un Etat partie à la Convention, les réserves faites en vertu du présent article ne s'étendent pas aux réfugiés auxquels s'applique la Convention.
2. Les réserves faites par des Etats parties à la Convention conformément à l'article 42 de ladite Convention s'appliqueront, à moins qu'elles ne soient retirées, à leurs obligations découlant du présent Protocole.
3. Tout Etat formulant une réserve en vertu du paragraphe 1 du présent article peut la retirer à tout moment par une communication adressée à cet effet au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.
4. Les déclarations faites en vertu des paragraphes 1 et 2 de l'article 40 de la Convention, par un Etat partie à celle-ci, qui adhère au présent Protocole, seront censées s'appliquer sous le régime du présent Protocole, à moins que, au moment de l'adhésion, un avis contraire n'ait été notifié par la partie intéressée au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies. Les dispositions des paragraphes 2 et 3 de l'article 40 et du paragraphe 3 de l'article 44 de la Convention seront censées s'appliquer, *mutatis mutandis*, au présent Protocole.

Article VIII
ENTRÉE EN VIGUEUR

1. Le présent Protocole entrera en vigueur à la date du dépôt du sixième instrument d'adhésion.
2. Pour chacun des Etats adhérant au Protocole après le dépôt du sixième instrument d'adhésion, le Protocole entrera en vigueur à la date où cet Etat aura déposé son instrument d'adhésion.

Article IX
DÉNONCIATION

1. Tout Etat partie au présent Protocole pourra le dénoncer à tout moment par notification adressée au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.

Masezerano, yerekana
Uburyo iyo ngingo yashizwe mu ngiro biciye mu rwego nshingamategeko canke ahandi.

Ingingo ya VII
IVYABANGIRIWE N'IVYASHIKIRIJE

1. Mu gihe c'ukwemera amasezerano, igihugu ico ari co cose kirashobora gushikiriza ivyo kibangiriyeko ku vyerekeye ingingo ya IV y'aya masezerano yunganira, no ku vyerekeye ishira mu ngiro, hisunzwe ingingo ya mbere y'aya masezerano, ku ngingo zose z'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi havuyemwo ibitegekanijwe mu ngingo ya 1, iya 3, iya 4, iya 16 (1) n'ya 33, ivyo bikaba ari uko mu gihe ari igihugu cemeje
2. Ibibangiriwe vyashikirijwe n'ibihugu vyemeje amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi hisunzwe ingingo ya 42 y'ayo masezerano bizokurikizwa ku vyo bitegerejwe biturutse kuri aya masezerano kiretse bibihevyeye.
3. Igihugu ico ari co cose gishikirije ico kibangiriyeko hisunzwe agahimba ka 1 k'iyi ngingo kirashobora kugiheba umwanya uwo ari wo wose mu kubimenyeshya mu rwandiko rurungikirwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.
4. Ibimenyeshajwe bigizwe hisunzwe agahimba ka 1 n'aka 2 tw'ingingo ya 40 y'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi, n'igihugu cayemeje, cemeye aya masezerano yunganira, bizofatwa ko bikurikizwa kuri aya masezerano, kiretse iyo mu gihe co kuyemeza, ico gihugu cashikirije Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ibiteye kubiri navyo. Ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 n'aka 3 tw'ingingo ya 40 no mu gahimba ka 3 k'ingingo ya 44 z'amasezerano yerekeye amategeko agenga impunzi, zifatwa ko zikurikizwa mu guhindura ibitegerezwa guhindurwa muri aya masezerano yunganira.

Ingingo ya VIII
ISHIRWA MU NGIRO

1. Aya masezerano yiyongera azotangura gushirwa mu ngiro kw'igenekerezo igihugu kigira gatandatu kizoshikiririzako ibwirizwa rijanye n'ukwemera aya masezerano.
2. Aya masezerano azoshirwa mu ngiro kw'igenekerezo igihugu kizoba cashikiririjeko urwandiko rujanye n'ukwemera aya masezerano ku gihugu cose kizoba cemeje aya masezerano

igihugu kigira gatandatu kimaze gushikiriza urwandiko rujanye n'ukwemera aya masezerano.

Ingingo ya IX

UKUVA MU MASEZERANO.

1. Igihugu cose cemeje aya masezerano kizoshobora kuyavamwo mu gihe ico arico cose kibicishije mu rwandiko rushikirizwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.
2. Ku gihugu vyerekeye, ukuva muri aya masezerano bizatangura kugira inkurikizi haheze umwaka kuva kw'igenekerezo Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azoba yabimenyesherejweko.

Ingingo ya X

**IBIMENYESHWA N'UMUNYAMABANGA MUKURU W'ISHIRAHAMWE
MPUZAMAKUNGU ONU.**

Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azomenyeshya ibihugu bivugwa mu ngingo ya V ku vyerekeye aya masezerano, amagenekerezo azotangurirako gushirwa mu ngiro, ayo kuyemera, gushikiriza ibibangirwako n'ukubiheba, ukuva mu masezerano, ukubitangaza co kimwe n'ukubimenyeshya.

Ingingo ya XI

**UGUSHINGURA AMASEZERANO YUNGANIRA MU BUBIKO
BW'ISHIRAHAMWE MPUZAMAKUNGU ONU**

Urwandiko rw'imvaho rw'aya masezerano, ivyanditswe mu rurimi rw'icongereza, igishinwa, iki espagnol, igifaransa n'ikirusiya navyo nyene bikaba vyemewe kumwe, urwo rwandiko ruriko umukono w'Umukuru w'Inama ya bose hamwe n'Umunyabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU rukazoshirwa mu bushinguro bw'inzandiko bw'Umunyamabanga w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU. Umunyamabanga Mukuru azorungikira ibihugu vyose biri mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU n'ibihugu bitari muri ryo bivugwa mu ngingo ya V amimuriro yazo abanje kwemezwa ko ahuye n'urwandiko rw'imvaho.

2. La dénonciation prendra effet, pour l'Etat intéressé, un an après la date à laquelle elle aura été reçue par le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.

Article X

**NOTIFICATIONS PAR LE SECRÉTAIRE GÉNÉRAL DE L'ORGANISATION DES
NATIONS UNIES**

Le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies notifiera à tous les Etats visés à l'article V, en ce qui concerne le présent Protocole, les dates d'entrée en vigueur, d'adhésion, de dépôt et de retrait de réserves, de dénonciation et de déclarations et notifications s'y rapportant.

Article XI

**DÉPÔT DU PROTOCOLE AUX ARCHIVES DU SECRÉTARIAT DE
L'ORGANISATION DES NATIONS UNIES**

Un exemplaire du présent Protocole, dont les textes anglais, chinois, espagnol, français et russe font également foi, signé par le Président de l'Assemblée générale et par le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies, sera déposé aux archives du Secrétariat de l'Organisation. Le Secrétaire général en transmettra copie certifiée conforme à tous les Etats Membres de l'Organisation des Nations Unies et aux autres Etats visés à l'article V.